PlusOne

# Rodza Pfungwa ChiShona

Heritage-Based Curriculum
HBC
MOPSE APPROVED



Gwaro reKutanga 1

Bhuku romudzidzisi

SECONDARY BOOK PRESS
Anchors of the schools curricula

PlusOne

# Rodza Pfungwa ChiShona

## Bhuku romudzidzisi

Heritage-Based Curriculum
HBC
MOPSE APPROVED

Gwaro reKutanga 1

SECONDARY BOOK PRESS
Anchors of the schools curricula

**Published by:**
Secondary Book Press Private Limited
4th Floor, CABS Centre Building,
Cnr Jason Moyo & 2nd Street,
Harare, Zimbabwe
Tel: +263 242 771 406 | +263 242 753 201
Mobile: +263 712 560 870 | +263 788 954 870
Email: sales@secondarybookpress.co.zw
Website: www.secondarybookpress.co.zw

PlusOne **Rodza Pfungwa ChiShona | Gwaro reKutanga - Bhuku romudzidzisi**

**ISBN:** 978-1-77932-153-4

First Published in 2026

Copyright: Secondary Book Press

Editor-in-Chief: Munyaradzi Gunduza
Development Editor: Edwin Muzanenhamo
Design and text layout: Floeene B. Chimba

Every effort has been made to trace the copyright holders. In the event of unintentional omissions or errors, any information that would enable the publisher to make the proper arrangements will be appreciated.

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise, without prior permission of the copyright owner.

# Zviri mukati

**Mavambo** ........ i

Chikamu 1: Mhuri yedu ........ 1

Chikamu 2: Mhuka ........ 3

Chikamu 3: Midziyo yepamusha nemabasa ayo ........ 5

Chikamu 4 Kwandinobva ........ 7

Chikamu 5: Baba naamai Mauro. ........ 9

Chikamu 6: Midziyo yepamusha ........ 11

**Chikamu 7: Dzokororo yekutanga** ........ **14**

Chikamu 8: Mabasa epamusha ........ 15

Chikamu 9: Zvekurima ........ 17

Chikamu 10: Zuva rapisa. ........ 19

**Chikamu 11: Dzokororo yechipiri** ........ **21**

Chikamu 12: Zvokufambisa ........ 22

Chikamu 13: Musika weMbare ........ 24

Chikamu 14: Kodzero dzevana ........ 26

Chikamu 15: Chikoro chedu ........ 29

Chikamu 16: Chipatara chinokosha ........ 31

**Chikamu 17: Dzokororo yechitatu** ........ **33**

Chikamu 18: Mazuva evhiki ........ 34

Chikamu 19: Utsanana ........ 36

Chikamu 20: Zvokufambisa ........ 38

Chikamu 21: Zvokutengeserana ........ 41

Chikamu 22: Nyika yedu inoyevedza ........ 43

**Chikamu 23: Dzokororo yechina** ........ **45**

Chikamu 24: Njodzi ........ 47

Chikamu 25: Mamiriro ekunze ........ 49

Chikamu 26: Kuwanana ........ 51
Chikamu 27: Zvipfeko zvinokosha ........ 53
Chikamu 28: Upfumi ........ 55
Chikamu29: Mhuka dzomusango ........ 57
Chikamu 30: Kufambisa mashoko ........ 59
Chikamu 31: Purazi raVaChindori ........ 61
Chikamu 32: Dhamu reKariba ........ 63
Chikamu 33: Makundano okumhanya pachikoro ........ 65

**Chikamu 34: Dzokororo yechishanu ........ 67**

# Mavambo

Bhuku rino rinoratidza mashandisirwo ebhuku rePlusOne Rodza Pfungwa Gwaro roKutanga Bhuku remudzidzi kuti vadzidzi vawane unyanzvi hwakakodzera. Vadzidzi vanofanira kuzadzisa unyanzvi hunotevera sezvazviri mumbiro redzidzo:

- kutaura
- kuteerera
- kuverenga
- kunyora

## Zvingadikanwa nomudzidzisi kuti agobatsira vadzidzi zvakanaka:

### 1 Bumbiro rezvidzidzo

Iri ndiro gwaro rinoratidza zvinofanira kuzikanwa nevadzidzi padanho rino, nzira dzokudzidzisa nadzo vadzidzi, uye zvingashandiswa pakubatsira vadzidzi (midziyo/ zvombo). Mudzidzisi anosungirwa kuti atevere bumbiro iri pakudzidzisa kwake. Mudzidzisi anofanira kugadzira hurongwa hwaachatevedza pakudzidzisa. Maitirwo ezvidzidzo anobuda muurongwa hwebasa.

### 2 Urongwa hwebasa

Iri igwaro rinogadzirwa nomudzidzisi, rinoratidza madzidzisiro aachaita vadzidzi. Rinobudisa misoro ichadzidziswa, zvinangwa, jerero/dura, zvombo uye unyanzvi hunotarisirwa kuti vadzidzi vave nahwo.

Hechinoi chimiro cheurongwa hwebasa:

| Vhiki | Musoro / Chidzidzwa | Zvinangwa zvechikamu | Unyanzvi/ Umhizha | Zviitwa Maitiro | Dura | Zvombo | Ongororo |
|---|---|---|---|---|---|---|---|

### 3 Bhuku romudzidzi

Bhuku romudzidzi rakanyorwa zvino unyanzvi, kana mukarishandisa zvakanaka pamwe chete neBumbiro reChiShona pakubatsira vadzidzi, vadzidzi vanowana unyanzvi hwavanotarisirwa kuti vawane.

### 4 Bhuku romudzidzisi

Bhuku rino rinotaridza mashandisirwo ebhuku romudzidzi mukubatsira vadzidzi kuti vawane unyanzvi hwakakodzera.

### 5 Rekodhi rekuverenga:

Iri ibhuku rinochengetedza umboo hwekugona kana kukundikana kwevadzidzi pakuverenga. Izvi zvinobatsira mudzidzisi kuti agowana nzira dzekubatsira vana nadzo.

Vadzidzi vanofanira kuwana unyanzvi hwokuverenga, kunyora, kutaura uye kuteerera. Hedzinoyi nzira dzokubatsira nadzo vadzidzi:

**a** **Kuteerera**

- Vadzidzi vateerere ngano ichitaurwa nomudzidzisi kana kuti umwe mudzidzi.
- Kuteerera kuruzha rwemhuka, zviridzwa, mimhanzi, zvifambiso nezvimwe zvinoita ruzha.
- Kuteerera kumitambo nenziyo.
- Kutuma vadzidzi kuita basa risina kuoma.
- Vadzidzi ngavaite mitambo vachiedzesera mabasa anoitwa navanhu nezvimwe zvakasiyana-siyana.

**b** **Kutaura**

- Vadzidzi vadzokorore ngano yataurwa nemudzidzisi kana umwe mudzidzi.
- Kupindura mibvunzo yabvunzwa.
- Kuita mitambo, kuimba nziyo nekuita nhetembo.
- Vadzidzi ngavatevedzere ruzha runoitwa nemhuka, zvifambiso, zviridzwa uye nziyo dzakaimbwa nevamwe.
- Vadzidzi ngavaite gakava pamusoro unenge wapiwa.
- Vadzidzi ngavaite mitambo yakasiyana-siyana.

**c** **Kuverenga**

- Dzidzisa vadzidzi kudoma nokutsanangura zvavari kuona pamifananidzo. Pane zvimwe zvinyorwa zvisiri mifanananidzo, munogona kushandisa matanho anotevera:

  **i** Nzvovera

  Pakutanga kudzidzisa vadzidzi kuverenga, tanga nenzvovera dzese: **a e i o u**. Doma nzvovera idzi dzose, vadzidzi vachitevedzera. Ita izvi kusvika vava kugona kudzidoma pese pavanodziona. Kana vava kuziva izvi, chiitai kuti vadzidzi vazive mitinhimira kana kuti nyaudzirwa.

  **ii** Mutinhimira

  Dzidzisa vadzidzi kududza ruzha rwemavara avari kushandisa pachidzidzo. Sokuti: **m**, **v**, **n**, **b**.

  Apa unogona kunyora mavara aya pachidziro, pamakadhi kana pachati, vadzidzi voedza kuadudza kusvikira vava kugona kuadoma pese pavanoaona. Kana vava kuagona chienda padanho rinotevera.

  **iii** Kana vadzidzi vachinge vabata mutinhimira waunoda kuita muchidzidzo ichocho, ngavabatanidze mutinhimira wacho nenzvovera dzese vachidaidza zvakanaka sokuti:

  **m** + **a** = **ma**; **m** + **e** = **me**, kusvika kuna **m** + **u** = **mu**. Ita kuti vadzidzi vazive kuti **m** + **a** = **ma** zvinoreva kuti tikabatanidza **‘m’** na **‘a’** tinowana **‘ma’**.

**iv** Kana vagona kuziva izvi, vadzidzi ngavadzidziswe kuumba mazwi vachibatanidza nzvovera nemitinhimira iyi. Sokuti **a** + **ma** + **i** = **amai** kana kuti **u** + **mu** = **umu**. Ita kuti vadzidzi vagone kubatanidza mitinhimira nenzvovera kuti pabude mazwi. Shandisai makadhi ane mitinhimira nenzvovera kuti vadzidzi vadzidze kuumba mazwi nokuaverenga.

Mubhuku rino zvimwe zvikamu zvine tsoro yemazwi kuti vadzidzi vawane mikana yokuumba mazwi yakawanda. Munogona kugadzira dzimwe tsoro pamachati vadzidzi votamba mutambo wokugadzira mazwi vachishandisa tsoro.

**v** Kana vogona izvi dzidzisai vadzidzi kuumba zvirevo zvidiki vachishandisa mazwi. Muchidzidzo chega chega itai kuti vadzidzi vashandise mitinhimira yamakaita kwete kushandisa imwe yamusati maita.

**vi** Nyorai mazwi akawanda pamakadhi okuti vadzidzi vadzidze kuverenga. Padanho iri vadzidzi ngavawane zvokuverenga zvakawanda kuti vakasike kubata.

**vii** Kana vave kugona kuverenga zvirevo zvipfupi, batsira vadzidzi kuti vagone kuverenga ndima pfupi.

**d** **Kunyora**

Vadzidzi ngavadzidziswe kunyora mavara ese zvakanaka.

**i** Pakutanga kudzidzisa vadzidzi kunyora batsira vadzidzi kubata bhuku nepenzura zvakanaka.

**ii** Pakudzidzisa kwaunenge uchiita simbisa kuti vadzidzi vave noruzivo rwokunyora kubva kuruboshwe vachienda kurudyi uye kubva kumusoro kwebepa vachidzika pasi. Izvi ngazviitwe muzvidzidzo zvose zvokunyora kusvikira vadzidzi vava noruzivo.

**iii** Tanga kuitisa vadzidzi mapatani anobudisa mavara aunoda kuvadzidzisa muchidzidzo ichocho. Sokudai:





- Kubva papatani iri pamusoro panobuda vara **'e'** kana vadzidzi vogona patani iyo ngavachiinyora yakadimburwa kuita seizvi:

**e e e e e e e e e**

iv. Dzidzisa vadzidzi kubatanidza mitinhimira nenzvovera kuti vabudise mazwi. Uku ndiko kuvaka mazwi. Ita kuti vadzidzi vagone kuverenga mazwi avavaka kana vogona kuumba mazwi.

v. Itai kuti vadzidzi vaumbe zvirevo zvidiki vachishandisa mazwi ovagona kunyora nokuverenga. Sokubata kwavanenge vachiita unozoenda pakuvadzidzisa kupindura mibvunzo yenzwisiso.

## Mitinhimira iri mubhuku rokutanga

Panopera gore rokutanga vadzidzi vanofanira kunge vogona mitinhimira inotevera:

| | | |
|---|---|---|
| b | m | v |
| n | g | t |
| r | f | h |
| d | s | j |
| p | k | w |
| z | ch | nd |
| mb | ng | mv |
| mh | sh | nz |
| dz | kw | rw |
| pw | zv | vh |
| sv | dy | ts |
| sw | pf | bh |
| gw | zv | hw |
| nw | nj | tw |
| nw | n’ | zh |

Chikamu

# 1 Mhuri yedu

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi vazive:

a vanhu vari mumhuri.
b nziyo, nhetembo ngano, uye mitambo pamusoro pemhuri.
c mabasa evanhu vakasiyana-siyana mumhuri.
d ruzha rwemavara kana mitinhimira **'b'**, **'v**, na **'w'**
e kunyora nokuverenga mavara **b**, **v**, **w**.

## Zvombo

Penzura, bhuku, mifananidzo, mavhidhiyo emhuri, mifananidzo yemhuri.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 1-2.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kuteerera nokutaura

a Mudzidzisi navana vanogona kuimba kambo, kanotaura pamusoro pemhuri.
b Mudzidzisi anotaura ngano inotaura pamusoro pemhuri.
c Vadzidzi vanogona kutaura ngano dzavanoziva pamusoro pemhuri.
d Vadzidzi vanodoma vanhu vari mumhuri iri pamifananidzo iri mubhuku revana.
e Mudzidzisi nevadzidzi vachadoma mabasa evanhu vanowanikwa mumhuri uye nezvavari kuita pamifananidzo iri mubhuku revana.
f Kutaura mazita evanhu vari mumhuri dzavo.
g Vadzidzi nemudzidzisi vachataurirana vanhu vari mumhuri dzavari kuona pachivhitivhiti kana mavhidhiyo epamusoro

- **h** Kutaurirana mabasa evanhu vakasiyana-siyana mumhuri sezviri pamifananidzo iri mubhuku revana. Sokuti, baba vanopfirira imba.
- **i** Vadzidzi vanoteerera kungano pamusoro pemhuri.
- **j** Vadzidzi ngavaite mitambo pamusoro pemabasa evanhu mumhuri.
- **k** Vadzidzi ngavateerere nhetembo pamusoro pemhuri kubva kuvadzidzisi vavo kana pamichina yamazuva ano.

## 2 Kuverenga

- **a** Sekirasi, vadzidzi vanodoma vanhu vari mumhuri vavaona pamifananidzo iri mubhuku revadzidzi.
- **b** Mumapoka vadzidzi vanotaurirana mabasa evanhu vari mumhuri vari pamifananidzo iri mubhuku revadzidzi.
- **c** Mumapoka vanoita ruzha rwemavara ari mubhuku revadzidzi: **Aa, bB, vV, wW**
- **d** Vadzidzi vanoita mitambo namavara ari pamakadhi yakafanana nokuimba kambo Dudu muduri umwe achisimudza kadhi rine mavara vamwe vachidoma vara riri pakadhi rinenge rasimudzwa.
- **e** Mudzidzisi navadzidzi vanotaurirana zvavari kuona pamavhidhiyo.

## 3 Kunyora

- **a** Mumabhuku avo vadzidzi vanoita mapatani emakwire dzike anobudisa mavara **'v'** na **'w'**.
- **b** Mudzidzisi achanyora mapatani O I I O I I O I I pachidziro vadzidzi vakatarisa. Vadzidzi vachaitawo mapatani aya mumabhuku avo.
- **c** Vadzidzi vachadoma nokunyora mavara anobva pamapatani aya sa; **a**, **b v w**. sokuti kubatanidza O naI unobudisa a.
- **d** Vadzidzi vanonyora mavara **'a'**, **'b'**,**'v'** na **'w'** mumabhuku avo sezviri mubhuku revadzidzi.
- **e** Vadzidzi vanotara mifananidzo yavo uye yemhuri yavo mumabhuku avo.

Chikamu

# 2 Mhuka

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi vagone:

a. kudoma mhuka dzakasiyana-siyana dzapamusha nedzemusango.
b. kutaura pamusoro pemhuka dzavari kuona pamifananidzo, mazita adzo uye padzinogara.
c. kutsanangura kufanana nokusiyana kwemhuka dzomusango.
d. kudoma mazita emhuka dzepamusha dzavari kuona pamifananidzo iri mubhuku ravana.
e. kutevedzera ruzha runoitwa nemhuka dzinochengetwa navanhu pamusha uye dzomusango.
f. kunyore mapatani ari mubhuku revadzidzi uye namavara acho vachibva kuruboshwe kuenda kurudyi uye kubva kumusoro vachidzika.
g. kunangisa mifananidzo yemhuka dzepamusha nevana vadzo zviri mubhuku ravadzidzi.
h. kunangisa mhuka dzepamusha nepadzinogara.

## Zvombo

Mapenzura, mapepa, makirayoni, mifananidzo yemhuka dzakasiyana-siyana pachati, bhuku revadzidzi, mabhuku okunyorera michina yamazuva ano yeICT, zvakadayi semavhidhiyo emhuka dzomusango nedzepamusha, vana vadzo uye padzinogara.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 3-5.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

1. **Kuteerera nokutaura**
   a. Mudzidzisi nevadzidzi vanogona kuimba kambo Dudumuduri vachidoma mhuka dzavanoziva. Izvi ngazviitwe vachipanana mikana vadzidzi vakawanda vawanewo mikana yokuimba.
   b. Vadzidzi nemudzidzisi vanogona kuona mavhidhiyo emhuka uye kuteerera ruzha rwadzo. Vadzidzi ngavawane nguva yokuteedzera machemero emhuka dzakasiyana-siyana.
   c. Vadzidzi vanodoma mhuka dziri pamifananidzo.
   d. Vadzidzi vanoita mitambo yokuti vamwe vanoteedzera machemero emhuka vamwe vodoma kuti imhuka ipi?

## 2 Kuverenga

- **a** Vadzidzi vanofanira kudoma mhuka dzavari kuona pamifananidzo iri mubhuku revadzidzi kubva kuruboshwe kuenda kurudyi uye kubva kumusoro kuenda pasi. Izvi zvinobatsira vana kuti havazoiti dambudziko pakuverenga mazwi.
- **b** Vadzidzi ngavadome mifananidzo yemhuka iri pachati rakagadzirwa nomudzidzisi kubva kuruboshwe kuenda kurudyi.
- **c** Kudoma mavara ari mubhuku ravana, uye kududza ruzha rwawo zvakanaka.
- **d** Vadzidzi ngavaite ruzha rwemavara ari mubhuku revana vachibva kuruboshwe kuenda kurudyi, uye kubva kumusoro kuenda pasi.

## 3 Kunyora

- **a** Mudzidzisi ngaaratidze vadzidzi manyorerwo emapeteni ari mubhuku revadzidzi pachidziro achisimbisa nyaya yokubva kuruboshwe kuenda kurudyi.
- **b** Vadzidzi ngavateedzere mapatani mumabhuku avo kubva kuruboshwe kuenda kurudyi. Semuenzaniso iri pasi:



- **c** Vadzidzi ngavadome mavara anobuda papatani yega yega sezviri mubhuku revadzidzi.



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| nN | nN | nN | nN | nN |
| mM | mM | mM | mM | mM |

- **d** Vana ngavaite mifananidzo yemhuka dzavanofarira mumabhuku avo.
- **e** Vadzidzi vanonanganisa mhuka nevana vadzo dziri mubhuku revadzidzi. (peji 5 mubhuku revadzidzi).
- **f** Vadzidzi vanonanganisa mhuka nepadzinogara dziri mubhuku revadzidzi. (peji 5 kubva mubhuku revadzidzi).



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| uU | uU | uU | uU | uU |

Chikamu

3

# Midziyo yepamusha nemabasa ayo

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi vagone:

a. kudoma midziyo yepamusha yavanoziva.
b. kudoma midziyo iri pamifananidzo iri mubhuku revadzidzi kubva kuruboshwe kuyenda kurudyi uye kubva kumusoro kudzika pasi.
c. kuita ruzha rwevara rokutanga rezita yemidziyo iri pamifananidzo yakapiwa mubhuku revadzidzi.
d. kunyora nokudoma mavara ari mubhuku revadzidzi.
e. kudoma zvinhu zvisipo pamidziyo yakapiwa mubhuku revadzidzi.
f. kuita mifananidzo yemidziyo yapamusha yavanofarira.

## Zvombo

Chati rine mifananidzo yemidziyo yapamusha, midziyo yamazuva ano ye*ICT,* chidziro, makadhi, bhuku romudzidzi, penzura, mabhuku okunyorera.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 6-8.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1. Kuteerera nokutaura

a. Mudzidzisi anoti vadzidzi vadome midziyo yapamusha yavanoziva.
b. Vadzidzi vanodoma midziyo iri pamifananidzo iri mubhuku ravadzidzi.
c. Vadzidzi vanodoma mavara okutanga kwemazita emidziyo yavari kuona pamifananidzo.
d. Vadzidzi vanotaurirana mabasa emidziyo yepamusha yavari kuona pamifananidzo iri mubhuku ravo.
e. Vadzidzi vanoita ruzha rwemavara ari mubhuku remudzidzi.

## 2 Kuverenga

- **a** Vadzidzi vanodoma midziyo yapamusha yavari kuona pamifananidzo iri mubhuku revana kubva kuruboshwe kuenda kurudyi uye kubva kumusoro kudzika pasi.
- **b** Kudoma zvinhu zvisipo pamifananidzo yemidziyo yapamusha iri mubhuku remudzidzi.
- **c** Kududza ruzha rwenzvovera dzakapiwa mubhuku romudzidzi.
- **d** Kuita ruzha rwevara rokutanga rezita remidziyo yepamusha iri mubhuku revadzidzi.

Chikamu

# 4 Kwandinobva

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi vagone:

a kutaura, kunyora nokuverenga mazita avo, uye evamwe vari mumhuri mavo sokuti: baba, amai, vana.

b kutaura pamusoro pavo, nepevamwe vanhu vari mumhuri mavo.

c kutaura zvavanofarira, uye zvinofarirwa nevanhu vari mumhuri mavo.

d kudoma vanhu vanowanikwa mumhuri.

e kudoma mabasa evanhu vakasiyana-siyana mumhuri.

f kuimba nziyo pamusoro pemhuri.

g kuita nhetembo pamusoro pemhuri nevanhu vari mumhuri.

## Zvombo

Mifananidzo yemumhuri, mifananidzo iri mubhuku revana, makirayoni, mapenzura, mabhuku emudzidzi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 9-11.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nekuteerera

a Kutaurirana vanhu vanowanikwa mumhuri, mazita avo uye ukama pakati pavo.

b Kuimba nziyo kana kuita nhetembo pamusoro pemhuri.

c Kuona mavhidhiyo pamusoro pevanhu vari mumhuri uye mabasa avo.

d Kutara mifananidzo yevanhu vari mumhuri.

e Kudoma vanhu vari mumhuri pamifananidzo iri mubhuku revadzidzi.

## 2 Kuverenga

- **a** Vadzidzi vanodoma vanhu vari pamifananidzo iri mubhuku revana.
- **b** Vadzidzi vanodoma nzvovera **'a e i o u'**, kudzironga uye kuita ruzha rwadzo nemazvo.
- **c** Mudzidzisi ngaite ruzha rwemitinhimira **'b m v n'**, vadzidzi vakateerera. Ngashandise chidziro kana makadhi ane mitinhimira iyi.
- **d** Vadzidzi ngavaite ruzha rwemitinhimira **'b m v n'** zvakanaka sekirasi uye ngavawane mikana yokuzviita mumapoka.
- **e** Mudzidzisi ngaaratidze vadzidzi kuumbwa kwezvivakamazwi kana nyaudzirwa sezvinotevera:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| b | b | b | b | b |
| a | e | i | o | u |
| b + a = ba | b + e = be | b + i = bi | b + o = bo | b + u = bu |

  Mudzidzisi atsanangurire vadzidzi kuti 'b' anobatanidzwa na'a' kuti tiwane ba.
- **f** Vadzidzi ngavawane mukana wokubatanidza mavara ari pamakadhi kuti vabudise nyaudzirwa dzakasiyana- siyana sekirasi uye mumapoka.
- **g** Vana ngavaumbe mazwi vachishandisa nyaudzirwa dzavaita dzakanyorwa pamakadhi sokuti: ba + ba = baba
- **h** Vadzidzi ngavaverenge zvirevo zvidiki zvine mazwi ane mitinhimira yavaita.

## 3 Kunyora

- **a** Vadzidzi ngavadzidziswe kunyora mavara **a**, **e**, **i**, **o**, **u**, **b**, **m**, **v**, **n** zvakanaka.
- **b** Mudzidzisi ngaanyore nyaudzirwa dzakasiyana pachidziro nekuratidza maumbirwe enyaudzirwa sezviri mubhuku revadzidzi.
- **c** Vadzidzi ngavadzidziswe kunyora vachiratidza maumbirwe enyaudzirwa dzakasiyana-siyana.
- **d** Vadzidzi ngavadzidziswe kuumba mazwi vachishandisa nyaudzirwa dzavaita muchikamu chino.
  Sokuti: baba, amai, ona, vana.
- **e** Vadzidzi vanonyora mufananidzo wababa naamai nevana vavo vonyora mazita.

# Chikamu 5 Baba naMai Mauro

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

- **a** kuita ruzha rwemavara **g, t, r, f,** uye kuumba nyaudzirwa kana mazwi vachishandisa mavara iwawa. Sokuti: gara.
- **b** kuverenga nyaudzirwa dzakaumbwa namavara **g, t, r, f**.
- **c** kuumba, kuverenga uye kunyora mazwi vachishandisa nyaudzirwa idzi.
- **d** kuverenga uye kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- **e** kuverenga mifananidzo yakapiwa.

## Zvombo

bhuku romudzidzi, mabhuku okunyorera, mapenzura, makirayoni, makombiyuta.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 12-15.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

### Maitiro

**1** **Kutaura nokuteerera**

- **a** Vadzidzi ngavaite ruzha rwa **'g'**, **'t'**, na **'r'** sekirasi uye vari mumapoka.
- **b** Kushandisha midziyo ye*ICT* vachiteerera ruzha rwemavara **'g'**, **'t'**, na **'r'**.

### Kuverenga

- **a** Vadzidzi ngavadome mavara ari pamakadhi akagadzirwa nomudzidzisi. Mudzidzisi ngaagadzire makadhi na**'g'**, **'t',** na **'r'**. Kana kunyora pachidziro.
- **b** Mudzidzisi ngaaite ruzha rwemavara **'g'**, **'t'**, na **'r'** vadzidzi vakateerera.
- **c** Vadzidzi ngavadudze ruzha rwemavara **'g'**, **'t'** na **'r'**.
- **d** Vadzidzi ngavadome zvavari kuona pamifananidzo iri mubhuku revadzidzi.
- **e** Vadzidzi vanogona kuverenga nyaudzirwa dzina **'g'**, **'t'** na**'r'** sokuti: **ga ge gi go gu**.
- **f** Kuverenga mazita ezvinhu zviri pamifananidzo mubhuku revadzidzi.

g. Kuverenga mazwi anogadzirwa nenyaudzirwa dzina **'g'**, **'t'**, na**'r'**.
h. Mudzidzisi nevadzidzi ngavaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi nokupindura mibvunzo irimo.

2. **Kunyora**

a. Kunyora mavara **'g'**, **'t'**, na **'r'**. Mudzidzisi ngavanyore mavara **'g'** **'t'**, na**'r'** achishandisa *Nelson Script.*
b. Vadzidzi ngavadzidziswe kunyora mavara **'g'**, **'t'**, na **'r'**.
c. Vadzidzi ngavanyore nyaudzirwa dzina **'g'**, **'t'**, na **'r'** vachizadzisa nenyaudzirwa dzisipo, mubhuku revana. Unogona kuvadzidzisa sezviri mubhuku revadzidzi:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| gG | gG | gG | gG | gG |
| g + a = ga | g + e = ge | g + i = gi | | |
| ga | ge | gi | go | gu |

d. Vadzidzi ngavavake mazwi vachishandisa nyaudzirwa dzina **'g'**, **'t'**, **'r'**.
e. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso.

3. **Mhinduro pane zvokunyora**

Zadzisa pakashama

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ra | re | ri | ro | ru |
| fa | fe | fi | fo | fu |
| ta | te | ti | to | tu |
| ga | ge | gi | go | gu |

## Vaka mazwi

| | | | |
|---|---|---|---|
| refu/rufu | fura/furo | tema/tete/tese | guru |
| guta/gudo | fara/farai | farira/farisai | |

## Mazita ezviri pamifananidzo

| | |
|---|---|
| muti | huku |

## Mhinduro dzenzwisiso

| | |
|---|---|
| Mauro | refu |
| tafura | tii |

## Zadzisa pakashama

1. vagere
2. tafura
3. refu
4. tii/svutugadzike

## Nyora

1. ava
2. avo
3. uyo
4. uyo

Chikamu

6

# Midziyo yepamusha

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a vagone kuita ruzha rwemavara **h**, **d**, **s**, **j**, uye kuumba nyaudzirwa kana mazwi vachishandisa mavara iwawa. Sokuti: hari
b vaverenge nyaudzirwa dzakaumbwa namavara **h**, **d**, **s**, **j**.
c vanyore mavara mavara **h**, **d**, **s**, **j** zvakanaka vachishandisa *Nelson Script*.
d vagone kuumba mazwi vachishandisa nyaudzirwa dzina **d**, **j**, **s**, **h** sokuti: dovi.
e vaverenge kana kudoma zvinhu zviri pamifananidzo yakapiwa.
f vashandise mazwi muzvirevo zvizere: sokuti: Vana vanoda dovi.
g vagone kuverenga ndima nokupindura mibvunzo yenzwisiso.

## Zvombo

Bhuku romudzidzi, mabhuku okunyorera, mapenzura, makirayoni, makombiyuta, chati rine mifananidzo yemidziyo, chidziro, midziyo chaiyo, zviumbwa kana zvivezwa zvemidziyo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 16-21.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

a Kudoma midziyo inoshandiswa pamusha, sokuti: hari, gejo, bhara nengoro.
b Sekirasi, vadzidzi vanotaura mabasa emidziyo yakasiyana-siyana.

**Sokuti:** Tinocheka nebanga.

a Kuimba nokuteerera kunziyo, nhetembo kana ngano pamusoro pemidziyo yepamusha.
b Mudzidzisi nevadzidzi ngavataurirane kuti midziyo yakagadzirwa nei, sokuti: Chigaro chakagadzirwa nemuti.
c Vadzidzi ngavataurirane zvingaitwa kuchengetedza midziyo.

## 2 Kuverenga

- **a** Vadzidzi ngavadome midziyo chaiyo, zvivezwa, zviumbwa zvemidziyo yepamusha, mifananidzo, iri pachati, kana mubhuku ravadzidzi.
- **b** Mudzidzisi ngaaite ruzha rwemavara **d**, **j**, **s**, **h**, **k** ari pachidziro, pachati kana pamakadhi vadzidzi vachitevedzera.
- **c** Mudzidzisi aratidze vadzidzi maumbirwe enyaudzirwa dzine mavara **d**, **j**, **s**, **h**, **k** uye kuaverenga, Sokuti: d + a = da d + e = de d + i = di, zvichienda zvichidaro.
- **d** Vadzidzi ngavaverenge mazwi ane mitinhimira d, j, s, h, k ari pamakadhi, pachidziro kana pachati.
- **e** Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari muzvirevo. Izvi vanogona kuzviita sekirasi, mumapoka kana sedungamunhu. Sokuti: Isa hove mupoto.
- **f** Vadzidzi vaverenge ndima yakapiwa vachideedzera.
- **g** Ngavaverenge mazita emidziyo iri pamifananidzo iri mubhuku romudzidzi.

## 3 Kunyora

- **a** Vadzidzi ngavadzidze kunyora mavara **d**, **s**, **j**, **h**, **k** vachishandisa *Nelson Script.*
- **b** Vadzidze kunyora mazwi ane mitinhimira **d**, **s**, **j**, **h**, **k** zvakanaka. Sokuti: huku.
- **c** Vadzidzi ngavavake mazwi ane mitinhimira **d**, **s**, **j**, **h**, **k** vari mumapoka.
- **d** Mudzidzisi anogona kudaidzira vadzidzi zviperengo zvemazwi ane mitinhimira yavaita.
- **e** Kuverenga ndima zvakanaka vachideedzera, mudzidzisi achiterera, pamwe nokutenderera achibatsira vadzidzi.
- **f** Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso.

## 4 Mhinduro pane zvokunyora

Hedzinoyi mhinduro pamibvunzo iri mubhuku revana **peji 18**.

## Midziyo iri pamifananidzo yakapiwa.

pani jeko duri

## Mavara asipo

<u>ta</u>fura de<u>mo</u> mu<u>ko</u>mana mu<u>si</u>kana <u>se</u>kuru

## Mhinduro dzenzwisiso

1. muti
2. maheu
3. kapu
4. heu
5. naka
6. pu

## Uzhinji

1. makapu
2. magejo
3. matemo
4. maturi
5. matafura

### Mazwi anobuda patsoro yamazwi iri mubhuku revana papeji 21 ndeaya:

makora
makomo
makona
makoti
makova

Chikamu

# 7 Dzokororo yekutanga

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a vagone kuyora kuverenga mazwi ane mitinhimira yavaita kusvika pachikamu chino.
b kupindura mibvunzo yenzwisiso neimwe neChiShona chakanaka.

## Mhinduro

### Kutevedzera mifananidzo

1 - 5: Vana vanotevedzera mifananidzo yakapihwa mubhuku romudzidzi **peji 22** voikara nemavara aripo.

6 - 9: Vana vanorava mazwi akapihwa mubhuku romudzidzi **peji 23**.

10 pedo / pese / pake namamwe anotanga na **'p'**.
11 bete / tete / gate nemamwe anopera na**'te'**.
12 gara / gaba nemamwe anotanga na **'ga'** achipera na **'a'**.
13 dana nemamwe anotanga na **'d'** achipera na'na'**daro**, **doro**, **doma**.
14 huku
15 mugoti
16 demo
17 mugoti
18 hodzeko
19 makapu
20 mabasa
21 ngarava/igwa
22 bhasikoro
23 mwana
24 iro
25 vise
26 Gomo

# Chikamu 8 Mabasa epamusha

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a. vazive nezvemabasa anoitwa navanhu vakasiyana-siyana mumhuri.
b. vagone kuverenga nokunyora nemazvo nyaudzirwa uye mazwi ane mitinhimira yakapiwa.
c. vazive midziyo inoshandiswa mumabasa akasiyana-siyana.
d. vaone kuti munhu wese mumhuri ane zvaanokwanisa kuita saka akakosha.
e. vaverenge nekupindura mibvunzo yenzwisiso.

## Zvombo

Bhuku romudzidzi, mabhuku okunyorera, mapenzura, makirayoni, makombiyuta, chati rine mifananidzo yevanhu vari kuita mabasa akasiyana-siyana, makadhi ana mazwi, mavhidhiyo ane vanhu vari kuita mabasa akasiyana-siyana.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 25-28.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

1. **Kutaura nekuteerera**
   a. Mudzidzisi ngaabvunze vadzidzi mabasa epamusha avanoziva. Vadzidzi ngavadome mabasa epamusha avanoziva.
   b. Vadzidzi ngavaimbe nziyo, kuita ngano kana nhetembo dzezvemabasa evanhu vakasiyana-siyana mumhuri.
   c. Mudzidzisi abatsire vadzidzi kudoma midziyo inoshandiswa nevanhu vakasiyana-siyana.
   d. Munogonawo kuitisa vana mitambo yezvemabasa evanhu mumhuri.
2. **Kuverenga**
   a. Mudzidzisi ngaaratidze vadzidzi chati kana mavhidhiyo ane vanhu vari kuita mabasa akasiyana-siyana epamusha.

b. Vadzidzi ngavadome midziyo inoshandiswa mumabasa akasiyana-siyana.
c. Vadzidzi ngavaite ruzha rwa **‘s’** uye nyaudzirwa ina **‘s’**: **sa**, **se**, **si**, **so**, **su**. Mudzidzisi ngaave nemakadhi akanyorwa nyaudzirwa idzi kana kuti ngavazvinyore pachidziro.
d. Vadzidzi vaverenge mazwi ane mutinhimira **‘s’** pamakadhi kana pachidziro uyewo ari mubhuku revadzidzi.
e. Vadzidzi ngavaverenge zvirevo zvina mazwi ana **‘s’** mumapoka avo pamakadhi akagadzirwa nomudzidzisi. Sokuti: Musikana anoseka chose.
f. Vadzidzi ngavaverenge nyaya iri mubhuku revadzidzi **peji 27** vagopindura mibvunzo iripo.

## 3 Kunyora

a. Mudzidzisi adzidzise vadzidzi kunyora patani inobudisa vana ‘s’, seizvi:
SSSSSSSSSSSSSSSSSSSSSSSSS

Ngavachinyora **‘s’** zvakanaka mudzidzisi achivabatsira.

b. Ngavanyore nokuverenga **sa**, **se**, **si**, **so**, **su**, zvakanaka uye kuti anoumbwa sei? Sokuti: s + a = sa, vana ngavazive kuti tikabatanidza **‘s’** na **‘a’** tinowana **‘sa’**.
c. Mudzidzisi ngaadzidzise vadzidzi kuumba mazwi ana **‘s’** uye kuanyora. Vadzidzi vanogona kushandisa makadhi ane mavara akasiyana-siyana voabatanidza kuti pabude mazwi.
d. Mudzidzisi ngaadaidzire vana mazwi ivo vachinyora zviperengo zvawo zvakanaka.
e. Vadzidzi vapindure mibvunzo yenzwisiso mumabhuku avo.
f. Vadzidzi ngavapindure mimwe mibvunzo inoda kuzadziswa neinzwi risipo kuti pave nechirevo chizere.

## 4 Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana

Mhinduro yemibvunzo yenzwisiso

1. akanaka
2. hari huru
3. mukaka
4. tema
5. demo

## Mhinduro pakuzadzisa zvirevo

1. hari
2. huni
3. demo
4. gejo

## Mabasa epamusha

1. Amai
2. Baba
3. Vakomana
4. Vasikana

Chikamu

# 9 Zvekurima

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a. vave noruzivo pamusoro pekukosha kwekurima.
b. vadome mbeswa dzakasiyana-siyana dzinorimwa nevanhu.
c. vatsanangure zvavanowana pakurima zvakaita sezvokudya, mari, mbatya nezvimwe.
d. vadome midziyo yakasiyana-siyana inoshandiswa pakurima.
e. vaverenge mitinhimira inoumbwa na **'w'** na **'ch'**, uye nokuinyora.
f. vaumbe mazwi vachishandisa mitinhimira yakapiwa.
g. vashandise mazwi ane mitinhimira **'w'**, na **'ch'** muzvirevo.
h. vaverenge nyaya nokupindura mibvunzo yenzwisiso.
i. vaise mazwi akapiwa muuzhinji.

## Zvombo

Bhuku romudzidzi, mabhuku okunyorera, mapenzura, makirayoni, makombiyuta, chati rine mifananidzo yevanhu vari kuita mabasa okurima, makadhi ana mazwi, mavhidhiyo ane vanhu vari kuita mabasa akasiyana-siyana.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 29-32.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1. Kutaura nokuteerera

a. Vadzidzi vaimbe nziyo pamsoro pekurima.
b. Vadzidzi ngavaite ngano kana nhetembo dzinotaura nezvokuita.
c. Ngavaite mitambo yokuedzesera kurima.
d. Ngavadome mbeswa dzavanorima pamusha.
e. Vadzidzi ngavataurirane nezvokukosha kwekurima.
f. Ngavadome midziyo inoshandiswa pakurima nemabasa ayo.

## 2 Kuverenga

a. Kuita ruzha rwevara **'w'** na **'ch'** zvakanaka, uye kuumba mitinhimira ina **'w'** na **'ch'**, vachishandisa makadhi akagadzirwa nomudzidzisi, uye zvakanyorwa pachidziro nomudzidzisi.
b. Kudoma zviri kuitwa navanhu pamifananidzo, mavhidhiyo ezvekurima uye midziyo inoshandiswa pakurima.
c. Vadzidzi vaverenge mazwi ari mubhuku revadzidzi ane mitinhimira ina **'w'** na **'ch'**, ari pamakadhi, pachati, kana pachidziro.
d. Kuverenga ndima iri mubhuku revadzidzi **papeji 30** nokupindura mibvunzo yenzwisiso.

## 3 Kunyora

a. Vadzidzi ngavaite mapatani akwire dzike kuti vazokwanisa kunyora vara 'w' zviri nyore, seizvi:



Mudzidzisi ngaadzidzise vadzidzi kuti vara **'w'** rinobva papatani yekwire dzike inenge yadimburwa.
b. Vadzidzi vanyore mitinhimira ina **'w'** na **'ch'** kuaverenga uye kuumba mazwi.
c. Vadzidzi vanyore zviperengo zvemazwi ana **'w'** na **'ch'** mudzidzisi achidaidzira.
d. Vadzidzi vapindura mibvunzo yenzwisiso mumabhuku avo.
e. Ngavadzidze kuisa mazwi mazwi akasiyana-siyana muuzhinji.
f. Vadzidzi vanonyora mazwi pakombiyuta.

## 4 Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi

### Vaka mazwi

Apa panogona kuva nemamwe mazwi akawanda kudarika akapiwa, aya inongova mienzaniso:

chuma china chena chinu

### Mhinduro dzenzwisiso

1. Mauro
2. vakanaka
3. kusakura
4. madomasi
5. derere
6. muriwo

### Tinoti

1. miriwo
2. maturi
3. derere
4. vasikana
5. vakomana

Chikamu

# 10 Zuva rapisa

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a. vagone kuimba nziyo, kutaura ngano kana kuita nhetembo dzinotaura nezvemamiriro ekunze vakanyanya kurerekera pakupisa kwezuva.
b. vaite ruzha rwevara **'z'**, kuverenga mazwi ane mitinhimira wa **'z'**, kuaumba uye kuanyora.
c. vashandise mazwi ane nyaudzirwa 'z' muzvirevo zvizere.
d. vaverenge zvakanaka ndima yokuti zuva rapisa.
e. vanyore zvakanaka mhinduro yenzwisiso.

## Zvombo

Chati rine mifananidzo yemamiriro ekunze akasiyana-siyana, makadhi ane mazwi ane nyaudzirwa **'z'**, penzura, mabhuku ekunyorera, chati remazwi ane nyaudzirwa **'z'**.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 33-36.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

1. **Kutaura nekuteerera**

   a. Mudzidzisi nevadzidzi ngavaimbe kambo, Mushana mushana ndewedu, bvute bvute nderashe nezvimwe zvimbo zvinotaura mamiriro ekunze zvakafanana nechokuti, Mvura naya naya tidye makavhu.
   b. Mudzidzisi nevana ngavabude panze vataure mamiriro akaita kunze zuva iroro.
   c. Vadzidzi vaite ruzha runonzikwa kana kwaita mhepo, mvura ichinaya, zuva richipisa nezvimwe. Sokuti: **pwaa** ruzha runoitika kana kune mabhanan'ana.

2. **Kuverenga**

   a. Kudoma zvavari kuona pamifananidzo yemamiriro ekunze mubhuku revadzidzi **papeji 34**.

b. Kudoma nyaudzirwa **'z'** uye kuverenga mazwi ane mutinhimira **'z'** sokuti: zino.
c. Vadzidzi vaverenge zvirevo zviri pamifananidzo iri mubhuku revadzidzi **papeji 34**.
d. Vadzidzi vaverenge vachidaidzira ndima iri mubhuku revadzidzi.

3. **Kunyora**

a. Vadzidzi ngavadzidziswe kunyora vara **'z'** mudiki nomuhombe.
b. Vanyore nokuverenga nyaudzirwa **'z'** uye mazwi ane mitinhimira **'z'**.
c. Ngavaumbe mazwi ane mutinhimira **'z'** nokuashandisa muzvirevo.
d. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso mumabhuku avo.

4. **Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi.**

Kuvaka mazwi

zai zizi
zi + so = ziso

## Vadzidzi vanogona kuita mazwi akaita seaya:

zino zevezeve zano bazi zuva

## Nemamwe anogona kuitwa ane mitinhimira 'z'

## Mhinduro dzenzwisiso

1. vana vavo
2. pezimuti ziguru/pemukute
3. hute
4. hute
5. mukute
6. geza

## Mavara kubva patsoro

zara zano zai ziva
zino zizi zuva

# Chikamu 11 Dzokororo yechipiri

## Kuverenga

1 - 14: Mudzidzisi ngaanyore mazwi gumi nemana ari mubhuku revana pamakadhi vana vamuverengere umwe neumwe kusvika vese vapera. Mudzidzisi ngaanyore pasi mazwi agonekwa nemwana wega wega kuti agoona vana vane dambudziko agovabatsira.

15 Vana ngavanyore zviperengo gumi kana kudarika zviri mumitinhimira yakapiwa **papeji 37** bhuku romudzidzi.

## Zviri pamifananidzo

16 hari, sora
17 muti, gudo
18 huku
19 mazai
20 naka
21 gere
22 patafura

## Uzhinji

23 matafura
24 matemo

## Nzwisiso

25 kuya
26 huyo
27 muriwo
28 muriwo

## Nhengo dzemuviri

29 musoro, musoro, makumbo, maziso, maoko

Chikamu

# 12 Zvekufambisa

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a. vadome zvifambiso zvavanoshandisa kuuya kuchikoro.
b. vadome zvifambiso zvakasiyana-siyana zvavanoshandisa munharaunda mavo uye zvimwewo zvavanoziva.
c. vaite mifananizo yezvifambiso zvavanoda.
d. vadome zvifambiso zviri pamifananidzo mubhuku revana, pachati, pamavhidhiyo, pazviumbwa nezvimwe.
e. vaite ruzha runoitwa nezvifambiso zvakasiyana-siyana.
f. vaverenge nyaudzirwa dzina **'ch'** na **'nd'** uye kuvaka nokuverenga mazwi ane mitinhimira **'ch'** na **'nd'** sokuti: chando, chuma.
g. vaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi nokupindura mibvunzo yenzwisiso.
h. vaumbe mazwi nokuaverenga kubva patsoro yakapiwa.
i. vazadzise zvirevo nemazwi akapiwa.

## Zvombo

Mifananidzo yezvifambiso pachati, mavhidhiyo ane zvifambiso, makadhi, bhuku romudzidzi, penzura, chidziro.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 41-45.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

a. Vadzidzi ngavaimbe zvimbo zvine chokuita nezvifambiso, kuita nhetembo, kana ngano.
b. Mudzidzisi aite kuti vadzidzi vaterere kuruzha rwezvifambiso zvakasiyana-siyana paredhiyo kana pamaDVD, vadzidzi vachidoma zvifambiso zvinoita ruzha irworwo.

c. Vadzidzi vaite ruzha rwezvifambiso vamwe vachidoma zvifambiso zvacho.
d. Vadzidzi vadome zvifambiso zvavanoziva uye kuti zvinofamba pai.

2. **Kuverenga**

a. Kudoma mifananidzo yezvifambiso zvakasiyana-siyana pamavhidhiyo, pamachati kana iri mubhuku revadzidzi papeji 41.
b. Kuverenga nyaudzirwa **'ch'**, **'mb'** na **'ng'**, nemazwi ane mitinhimira iyi.
c. Vadzidzi vaverenge ndima iri mubhuku romudzidzi **papeji 42**.

3. **Kunyora**

a. Kuita mifananidzo yezvifambiso zvavanofarira.
b. Kunyora mitinhimira **'ch'**, **'mb'** na **'ng'**, uye kuvaka mazwi acho.
c. Kunyora zviperengo zvemazwi ane mitinhimira **'ch'**, **'mb'** na **'ng'**.
d. Kupindura mibvunzo yenzwisiso, uye kuzadzisa zvirevo mumabhuku avo.

4. **Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi.**

## Nzwisiso

1. VaMunofa
2. ndege
3. Harare
4. denga
5. Mbare
6. tete

## Mazwi anobuda patsoro

ndiro
ndaenda
ndege
ndandi
ndonda
ndima

## Zadzisa zvirevo

1. banga
2. dara
3. ngano
4. denga
5. danga

Chikamu

# 13 Musika weMbare

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a. vazive nzvimbo dzinotengwa zvinhu zvakasiyana-siyana, sokuti: tinotenga nyama mubhucha.
b. vaite mitambo vachiedzesera kutenga nokutengesa.
c. neruzivo rwezvekutenga nokutengesa.
d. vaverenga mitinhimira **'ch'**, **'mh'** na **'mv'**, uye mazwi ane mitinhimira iyi.
e. kuverenga ndima nokupindura mibvunzo yenzwisiso.
f. vave neruzivo rwepanogara vana vemhuka dzakasiyana-siyana.

## Zvombo

Chati rine mifananidzo yevanhu vari pamusika, chidziro, makadhi, bhuku romudzidzi, mifananidzo yezvinhu zvinowanikwa pamusika, penzura, mabhuku okunyorera.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 46-50.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

1. **Kutaura nokuteerera**
   a. Vadzidzi ngavaite mitambo yokutenga nokutengesa.
   b. Vadzidzi ngavataure nzvimbo dzinotengwa zvinhu zvakasiyana-siyana, sokuti: Tinotenga madomasi pamusika.
   c. Kuimba zvimbo zvokutengeserana.
2. **Kuverenga**
   a. Kudoma mifananidzo yepamusoro pezvokutengeserana iri mubhuku revana, pamavhidhiyo, kana pamachati.

- **b** Vadzidzi ngavaverenge mitinhimira **‘mv’, ‘mh’** na **‘ch’** uye mazwi ane mitinhimira iyi.
- **c** Ngaaverenge ndima iri mubhuku revana uye kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- **d** Ngavaverenge nokunangisa mifananidzo nemazita.

## 3 Kunyora

- **a** Vadzidzi ngavanyore patani inobudisa vana**‘m’**, vonyora **‘m’** na **‘n’** zvakanaka, seizvi:



- **b** Vadzidzi vanyore mitinhimira nemazwi ana **‘mv’**, **‘mh’** na **‘ch’** nokuaverenga.
- **c** Batsirai vadzidzi vapindure mibvunzo yenzwisiso zvakanaka mumabhuku avo.
- **d** Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yepamusoro pepanogara mhuka.

## 4 Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

### Nzwisiso

1. murimi
2. Chegutu
3. Chipo naMhangi
4. chibage, magaka nemanhanga
5. motokari
6. musika weMbare

### Panogara mhuka

1. muzumbu
2. mudanga
3. mudanga
4. muchirugwi

Chikamu

# 14 Kodzero dzevana

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a vazive kodzero dzavo uye kuti varege kurarama vachimbinyikidzwa.
b vagone kutaura pamusoro pavo, uye kunyora rondedzero pamusoro pavo.
c vagone kuverenga mitinhimira ina **'dz' 'sh'** na **'nz'** uye mazwi ane mitinhimira iyi.
d vanyore zviperengo zvakanaka zvemazwi anemitinhimira **'dz'**, **'sh'** na **'nz'**, uye kuashandisa muzvirevo.
e vaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi uye kupindura mibvunzo yenzwisiso.
f vagone kupa mazwi anoreva zvakafanana neakapiwa.
g vaise mazwi akapiwa muuzhinji.
h vadzidzi vanyore rondedzero pamusoro pavo vachizadzisa zvirevo zvakapiwa.

## Zvombo

Mifananidzo yekodzero dzevana pachati, bhuku romudzidzi, penzura, mabhuku okunyorera, makadhi, mavhidhiyo kana purojekita.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 51-55.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

a Mudzidzisi ngaataurire vana pamusoro pake: sokuti:
Ini ndinonzi VaMadhora. Ndinogara kwaDotito. Ndiri mudzidzisi.
Ngaataurewo zvimwe zvaangada kuti vadzidzi vazive.

b Vadzidzi ngavapiwewo mukana wokutaurira vamwe vadzidzi pamusoro pavo, ngavataure zvinhu zvakaita semazita avo, makore avo, kwavanogara kana kero, zvavanofarira, danho ravava pachikoro, nezvimwewo zvavangafunga. Ngavataure muzvirevo zvizere neChiShona chakanaka.

c. Mudzidzisi ngaataurirane nevadzidzi pamusoro pekodzero dzavo, uye zvavanofanira kuita kana kodzero dzavo dzakanganiswa.

2. **Kuverenga**

a. Vadzidzi ngavadome kodzero dzevana dziri pamifananidzo iri mubhuku ravo, **papeji 51**.

b. Mudzidzisi ngaanyore pamakadhi, vadzidzi vaverenge mitinhimira **'nz'**, **'dz'** na **'sh'**, uye mazwi ane mitinhimira iyi.

c. Vadzidzi vaumbe mazwi ane mitinhimira **'nz'**, **'dz'**, na **'sh'**, vachibatanidza tumakadhi tune mitinhimira iyi.

d. Vadzidzi ngavaverenge vachidaidzira ndima iri mubhuu remudzidzi **papeji 52**.

3. **Kunyora**

a. Mudzidzisi ngaabatsire vadzidzi kunyora nyaudzirwa **'nz'**, **'dz'**, na **'sh'**.

b. Dzidzisai vadzidzi maumbirwe emazwi vachishandisa mitinhimira **'nz'**, **'dz'**, na **'sh'**.

c. Daidzirai mazwi ane mitinhimira **'nz'**, **'dz'** uye **'sh'** vadzidzi achinyora zviperengo zvakanaka.

d. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.

4. **Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi.**

## Mazwi anogona kuumbwa nevana

1. Nzou
2. Shinda/inda/pinda
3. Shangu/dzangu/dzungu
4. Nzimbe/hembe/rombe
5. Nzungu
6. Shiri

## Nzwisiso

1. wanda
2. tamba/dzidza
3. dzidzo
4. mudzidzisi
5. pokugara pakanaka nehembe dzakanaka
6. hembe
7. kodzero dzavo

## Mazwi anoreva zvakafanana

| | | |
|---|---|---|
| 1 | gudo | dede |
| 2 | chirugu | chikwere |
| 3 | rima | mhindo |
| 4 | mabura | mbambaira |
| 5 | matapura | mbatatisi |
| 6 | fundo | dzidzo |

## Uzhinji

1. vanhu
2. vakomana
3. makudo
4. mazino
5. mapadza
6. Vana vanonyora mazita eshamwari dzavo.

## Rondedzero

Mwana ngaazadzise zvirevo zviviri 1-2 zviri mubhuku revana **peji 55** zvinoenderana naye. Ngaanyore zita rake nechikoro chake.

Chikamu

# 15 Chikoro chedu

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a vadome zvinhu zvinowanikwa pachikoro, zvivakwa, miti, matsime, nhandare dzokutambira nezvimwe.

b vataure zita rechikoro chavo, zita romudzidzisi mukuru uye mudzidzisi wavo.

c vadome mitambo inoitwa pachikoro pavo, yakafanana nebhora remakumbo, bhora remaoko, nezvimwe.

d vabudise kuti sei vachifarira chikoro chavo.

e vadzidze mitinhimira **'dz' na 'kw'** uye kuverenga nyaudzirwa dzacho.

f vaumbe nokuverenga mazwi ane mitinhimira **'dz' na 'kw'**

g vaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi nokupindura mibvunzo yenzwisiso.

h vanyore rondedzero yepamusoro pechikoro chavo vachiita zvokuzadzisa zvirevo zvakapiwa.

## Zvombo

Chati rine mifananidzo yechikoro chakanaka, bhuku revadzidzi, makirayoni, mapenzura , mabhuku okunyorera, makadhi ana mazwi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 56-58.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

a Mudzidzisi navadzidzi ngavatenderere pachikoro pavo, vachiona zvinhu zvinowanikwa pachikoro, zvakaita sezvivakwa, nezvimwe.

b Vadzoka muimba mokudzidzira, vadzidzi ngavataure zvavanga vachiona pachikoro.

c Vadzidzi ngavaimbe kambo kanoti, "Hande kuchikoro, kana warambidzwa, gara wakadaro."

2. **Kuverenga**
   a. Tauriranayi nevadzidzi pamusoro pechikoro chiri pamufananidzo mubhuku revadzidzi, vadzidzi ngavadome zvavari kuona.
   b. Mudzidzisi ngaagadzire makadhi ane nyaudzirwa dzine mitinhimira **'kw' na'dz'**, vadzidzi ngavadzidze kuiverenga.
   c. Dzidzisai vana kubatanidza nyaudzirwa dzine mitinhimira **'kw' na'dz'** kuti vabudise mazwi ane zvaanoreva.
   d. Vadzidzi ngavaverenge mazwi ane mitinhimira **'kw' na 'dz'** ari pamakadhi, pachidziro kana mubhuku ravo revadzidzi.
   e. Vadzidzi ngavaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi **papeji 57**.
3. **Kunyora**
   a. Vadzidzi ngavaumbe mazwi ane mitinhimira **'kw',** na**'dz'**.
   b. Daidzirai vadzidzi mazwi ane mitinhimira **'kw'** na**'dz'** vana vachinyora zviperengo zvakanaka.
   c. Kupindura mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi **papeji 57**.
   d. Vadzidzi ngavanyore rondedzero yepamusoro pechikoro chavo vachizadzisa zvirevo zvakapiwa.

## Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi

### Mhinduro dzenzwisiso

1. Chikwekwe
2. rokutanga
3. VaZimbudzi
4. gumi nevasere
5. gumi neshanu
6. VaChomutiro

### Mazwi anobuda patsoro

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| badza/baba | imba | atuma | duri | zai |
| bara | zizi | zita | | |
| imi | amai | tuma | | |

## Rondedzero

Vadzidzi ngavanyore vagoverengera mudzidzisi wavo mazwi avawana patsoro iri mubhuku romudzidzi **peji 58**.

Chikamu

# 16

# Chipatara chinokosha

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a. vazive kuti ikodzero yavo kuva neutano hwakanaka.
b. vave noruzivo rwakadzama pamusoro pezveutano.
c. vagone kutsanangura nzira dzavangagona kuchengetedza nadzo utano.
d. vagone kuumba nokuverenga nokunyora mazwi ane nyaudzirwa **'rwa' na 'pwa'** kusvika kuna **'rwu' na 'pwu'**.
e. vaverenge ndima.
f. vapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.

## Zvombo

Chati rine mifananidzo yechipatara uye varwere vari muchipatara nevakoti, bhuku revadzidzi, makirayoni, mapenzura, mabhuku okunyorera, makadhi ane mazwi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 59-61.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

1. **Kutaura nokuteerera**

   a. Vadzidzisi evadzidzi ngavadome mazita ezvipatara zvavanoziva.
   b. Vadzidzi ngavataurirane zvakakoshera zvipatara.
   c. Vadzidzi vadome zvinoitwa muzvipatara.
   d. Vadzidzi ngavaite mitambo vachiedzesera zvinoitwa muzvipatara.

2. **Kuverenga**

   a. Kudoma nokutsanangura zviri pamifananidzo iri mumabhuku evana.
   b. Vadzidzi ngavaverenge nyaudzirwa **'zv', 'rwa' na 'pwa'** kusvika kuna **'zv', 'rwu' na 'pwu'**.

c. Vadzidzi ngavagone kuumba nokuverenga mazwi ane mitinhimira **'zv', 'rw'** na **'pw'**.
d. Kuverenga ndima iri mubhuku revana **papeji 60**.

3. **Kunyora**

a. Vana ngavanyore nyaudzirwa dzina **'zv'**, **'pw'** na **'rw'** vachiteedzera zvaitwa nomudzidzisi.
b. Vadzidzi ngavaumbe mazwi ane mitinhimira **'zv'**, **'pw'** na **'rw'**.
c. Mudzidzisi ngaadeedzere mazwi vadzidzi vachinyora zviperengo zvakanaka.
d. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso.
e. Vadzidzi ngavaise mazwi muuzhiji
f. Kuzadzisa zvirevo nemazwi akakodzera.

## Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mumabhuku evana

### Mazwi anogona kuumbwa

1. murwere/pwere/zvirwere
2. rwizi
3. Ita
4. rudzi

### Mhinduro dzenzwisiso

1. Bvukururu
2. VaPwati
3. basa
4. vashanu
5. yakawanda
6. pora

### Mazwi muuzhinji

1. zvirwere
2. vana
3. mishonga
4. varwere
5. vanhu

### Zvirevo

1. takaenda
2. ticharima
3. ndabika
4. vachafara
5. vachafara

Chikamu

17

# Dzokororo yechitatu

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a vagone kuverenga mazwi ane mitinhimira yaitwa pari zvino.
b vanyore nokuvaka mazwi ari mumitinhimira yataita pari zvino.
c vanyore rondedzero pamisoro yakapiwa.
d vapindure mibvunzo yenzwisiso.

## Mazwi okuverenga

Verengesai vadzidzi mazwi ari mubhuku revadzidzi, ngavaanyore pamakadhi.

## Kuvaka mazwi

Mazwi angavakwa nevadzidzi ndeaya ari pasi nemamwe amunoona anoita pamibvunzo yakapiwa.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | danga/denga | | |
| 2 | mbudzi/mbuya | | |
| 3 | rwendo/rwenyu | | |
| 4 | nzungu/nzuma | | |
| 5 | danga | danga | mhuru |
| 6 | mbudzi | muchirugwi | mbudzana |
| 7 | mwana | mhuru | musango |
| 8 | churu | churu | |
| 9 | chitima | njanji | |
| 10 | chuma | chuma | |

## Mazwi muuzhinji

11 dzimba
12 matemo
13 zvikepe
14 zvitiyo/nhiyo

Chikamu

18

# Mazuva evhiki

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

- a vadome mazuva evhiki, uye kuaronga zvakanaka.
- b vagone kutaura mabasa avanoita mazuva akasiyana-siyana pamazuva evhiki.
- c vanyore nokuverenga mazuva evhiki zvakanaka.
- d vagone kuverenga nyaudzirwa **'dya', 'vha' na 'sva'** kusvika kuna **'dyu, 'vhu' na'svu'**
- e vaumbe, kuverenga nokunyora mazwi ane mitinhimira **'dy', 'vh' na 'sv'**
- f vashandisa mazwi ane mitinhimira **'dy', 'vh' na 'sv'** muzvirevo zvizere.
- g vaverenga ndima uye kupindura mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.
- h vadome nokunyora mashoko anopesana neakapiwa.

## Zvombo

Mifananidzo yevanhu vari kuita mabasa akasiyana-siyana, makadhi amazwi, penzura, mabhuku okunyorera.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 64-67.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

- a Vadzidzi ngavadome mazuva evhiki achiteverana zvakanaka.
- b Vadzidzi ngavataurirane zvinhu zvavanoita pamazuva evhiki akasiyana-siyana.
- c Kuimba, nokuteerera kunziyo uye ngano pamusoro pemazuva evhiki.

### 2 Kuverenga

- a Kudoma mifananidzo iri mubhuku revadzidzi.
- b Kuverenga **'dy'**, **'sv'**, na **'vh'**, uye kuverenga mazwi ana **'dy'**, **'sv'**, na **'vh'**.

c. Kuverenga zvirevo zvine mazwi ana **'dy'**, **'sv'**na **'vh'** ari pamakadhi kana pachidziro uye mubhuku revadzidzi.
d. Kuverenga ndima iri mubuku revadzidzi.

3. **Kunyora**

a. Batsira vadzidzi kunyora nyaudzirwa **'dya', 'sva' na 'vha'** kusvika kuna **'dyu', 'svu', na 'vhu'**. Nyora pachidziro kana kugadzira chati rinawo vadzidzi voanyorawo mumabhuku avo zvakanaka. Mudzidzisi ngaatenderere achitarisa nokubatsira vana vane dambudziko.
b. Vadzidzi ngavaumbe mazwi ana **'dy', 'sv' na 'vh'**.
c. Mudzidzisi ngaadaidzire mazwi vadzidzi vachinyora zviperengo zvakanaka mumabhuku avo.
d. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.
e. Ngavanyore mazwi anopikisana neakapiwa mubhuku remudzidzi.

## Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

### Zviri pamifananidzo

Svosve dema.
Mukomana ari kudya.
Motokari.

## Nzwisiso

1. Svondo
2. shanu
3. Chishanu, Mugovera neSvondo
4. Muvhuro
5. vachibatsira

## Mazwi anopesana

1. kusuwa/kutsamwa
2. kunyarara
3. kutonhora
4. vhura

## Basa rekuita

1. Muvhuro
2. Chipiri
3. Chitatu
4. China
5. Chishanu
6. Mugovera

Chikamu

# 19 Utsanana

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

- a vazive kukosha kwehutano hwakanaka.
- b vave neruzivo rwakadzama pamusoro pezveutsanana.
- c vagone kudoma zvinotarisirwa kuti vanhu vaite pakuchengetedza utano hwavo nehwevamwe.
- d vaite mitambo vachiedzesera mabasa anoitwa nevanhu kuchengetedza hutano.
- e vagone kudoma kuverenga uye kunyora mitinhimira **'ts', 'sw'** na **'pf'** uye mazwi ane mitinhimira iyi.
- f vaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi **papeji 70**.
- g vapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.

## Zvombo

Mavhidhiyo anoratidza vanhu vari kuita mabasa okuti vachengetedze utsanana, makadhi amazwi, bhuku romudzidzi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 68-71.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

- a Vadzidzi nevadzidzisi ngavataurirane pamusoro peutsanana hwakanaka uye kuti zvakanakirei kuita hutsanana hwakanaka.
- b Tauriranai nevadzidzi pamusoro penjodzi kana matambudziko anosanganikwa nevanhu vasingaite utsanana hwakanaka.
- c Itai mitambo nevana yemabasa anoitwa navanhu kuchengetedza utsanana hwakanaka.

## 2 Kuverenga

- a Vadzidzi ngavadome mifananidzo iri mubhuku yevana inoratidza utsanana hwakanaka nehwakashata **papeji 69**.
- b Vadzidzi ngavaverenge nyaudzirwa **'tsa', 'swa'** na **'pfa'** kusvika kuna '**tsu', 'swu'** na **'pfu'** uye mazwi anoumbwa nadzo.
- c Kuverenga ndima iri mubhuku revadzidzi **papeji 70**.
- d Kuumba mazwi kubva pamutambo wokuverenga uri mubhuku revana.

## 3 Kunyora

- a Kunyora nyaudzirwa **'tsa', 'swa'** na **'pfa'** kusvika kuna **'tsu', 'swu'** na **'pfu'**
- b Kuumba mazwi ane mitinhimira **'ts', 'sw'** na **'pf'** kusvika kuna **'ts', 'sw'** na **'pf'**
- c Kushandisa mazwi ane mitinhimira **'ts', 'sw'** na **'pf'** muzvirevo zvizere.
- d Kupindura mibvunzo yenzwisiso.

## Mhinduro dzemibvunzo dziri mubhuku revadzidzi

### Vaka mazwi

Mudzidzi anogona kunyora mazwi ayo nemamwe asina kunyorwa pasi.

1. swera
2. Tsotso/tsika
3. pfupi/pfuti/pfeka
4. utsi
5. muswe
6. upfu

## Nzwisiso

1. pachikoro
2. mugomba
3. chena
4. piswa
5. mapepa neuswa
6. hutano hwakanaka
7. zvirwere

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari mutambo uri mubhuku revo **papeji 71**.
Ngavaite izvi uri mutambo kuitira kuti vadzidze mukutamba.

Chikamu

# 20 Zvekufambisa

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

- **a** vadome zvifambiso zvavanoshandisa munharaunda mavo nezvimwe zvavanoziva.
- **b** vataurirane kukosha kwezvifambiso muupenyu nomumagariro evanhu.
- **c** vaverenge nokunyora nyaudzira **'bha'** na **'gwa'** kusvika kuna **'bhu'** na **'gwu'**.
- **d** vaverenge nokunyora mazwi ane mitinhimira **'bh'** na **'gw'**, nokuashandisa muzvirevo zvizere.
- **e** vaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi **papeji 73**.
- **f** vapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.
- **g** vazadzise zvirevo nezvinongedzo zvakakodzera.

## Zvombo

Chati rine mifananidzo yezvifambiso, makadhi emazwi, mapurojekita kana chivhitivhiti nemavhidhiyo ezvifambiso, zvinyoreso, chidziro.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 72-75.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

- **a** Vadzidzi ngavaimbe kambo kanotaura nezvezvifambiso.
- **b** Vadzidzi ngavadome zvifambiso zvavanoshandisa munharaunda mavo.
- **c** Vadzidzi ngavateedzere ruzha rwezvifambiso zvavanoziva.
- **d** Mudzidzisi ngaaite kuti vadzidzi vaone zvifambiso pachivhitivhiti kana pamapurojekita, vachidoma mazita ezvifambiso zvacho.

## 2 Kuverenga

- **a** Vadzidzi ngavadome mifananidzo yezvifambiso zviri pamachati ezvifambiso kana mubhuku revadzidzi **papeji 72**.
- **b** Vadzidzi ngavaverenge nyaudzirwa **'bha'** na **'gwa'** kusvika kuna **'bhu'** na **'gwu'**, ari pachidziro kana pamakadhi.
- **c** Vadzidzi vaite mitambo yokuumba nokuverenga mazwi ane nyaudzirwa **'bha'** na **'gwa'** kusvika kuna **'bhu'** na **'gwu'**, vachishandisa makadhi akagadzirwa kare nomudzidzisi.
- **d** Ngavaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi **papeji 73**.

## 3 Kunyora

- **a** Mudzidzisi ngaabatsire vana kunyora nyaudzirwa **'bha'** na **'gwa'** kusvika kuna **'bhu'** na **'gwu'** zvakanaka.
- **b** Vadzidzi ngavabatsirwe kuumba mazwi ane nyaudzirwa **'bha'** na **'gwa'** kusvika kuna **'bhu'** na **'gwu'**
- **c** Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi **peji 74**.
- **d** Ngavazadzise zvirevo vachishandisa zvinongedzo.

## Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi

### Zviri pamifananidzo

| | | |
|---|---|---|
| chikepe | ndege | bhasikoro |
| bhazi | chitima | motokari |

### Nzwisiso

1. Tofa
2. Gwirai
3. tete
4. mashanu
5. Kuwadzana
6. motokari

### Nanganisa

| | |
|---|---|
| Motokari | mugwagwa |
| Igwa | mumvura |
| Ndege | mudenga |
| Bhazi | mugwagwa |
| Chitima | panjanji |

### Zvinongedzo

| | |
|---|---|
| iyi | ichi |
| iri | iri |

## Nanganisa mhuka neruzha

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Jongwe | - | rinokukurudza |
| 2 | Imbwa | - | inohukura |
| 3 | Kiti | - | inomeura |
| 4 | Mombe | - | inokuma |
| 5 | Munhu | - | anotaura |

Chikamu

# 21 Zvekutengeserana

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a. vave noruzivo rwakadzama pane zvokutengeserana.
b. vaite mitambo vachiedzesera kutengeserana.
c. vaverenge nyauudzira **'zva'** na **'pf'** kusvika kuna **'zvu'** na **'pfu'**.
d. vaumbe, kuverenga nokunyora mazwi ane mitinhimira **'zv'** na **'pf'**.
e. vaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi.
f. vapindure mibvunzo yenzwisiso.
g. vashandise mazwi ana **'zv'** na **'pf'** muzvirevo zvizere.

## Zvombo

Vhidhiyo ine vanhu vari kutengeserana, makadhi, chidziro, chati remifananidzo, bhuku romudzidzi, penzura, mabhuku okunyorera.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 76-79.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

1. **Kutaura nokuteerera**

   a. Mudzidzisi ngaatange nokubvunza vadzidzi pamusoro pekwavakaenda kunotenga. Ngavatsanangure zvavakanotenga uye kwavakanozvitenga.
   b. Vadzidzi ngavadome kwavanotenga zvinhu zvakasiyana-siyana; sokuti: Tinotenga madomasi pamusika.
   c. Vadzidzi ngavaite mitambo vachiedzesera kutengeserana.
   d. Ngaataurewo pamusoro pezvemari yatinoshandisa muno.

2. **Kuverenga**

   a. Kutsanangura zvavari kuona pamufananidzo iri mubhuku revadzidzi inotaridza zvokutengeserana.

- **b** Kuverenga nyaudzirwa **'pfa'** na **'zva'** kusvika kuna **'pfu** na **'zvu'**.
- **c** Kuumba mazwi nokuaverenga **'pfa'** na **'zva'** kusvika kuna **'pfu'** na **'zvu'** akanyorwa pachidziro kana pamakadhi.
- **d** Kuverenga zvirevo zvina mazwi ane mitinhimira **'zv'** na **'pf'**.
- **e** Vadzidzi ngavaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi **papeji 78**.

**3 Kunyora**

- **a** Kunyora mazwi ane mitinhimira **'pf'** na **'zv'**.
- **b** Kuumba nokunyora zviperengo zvemazwi ane mitinhimira **'pf'** na **'zv'**.
- **c** Kupindura mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.
- **d** Kupindura mibvunzo pamusoro penzvimbo dzinotengeswa zvinhu zvakasiyana-siyana iri mubhuku revadzidzi.

## Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi

### Vaka mazwi na 'zv' uye 'pf'

Mamwe emazwi acho ndeanotevera;

| 'zv' | 'pf' |
|---|---|
| Zvipo | pfeka |
| Zvitsva | upfu |
| Zvese | pfimbi |
| Kwazvo | pfumba |
| Zvenyu | pfuti |
| Zvikwama | pfuma |
| Zvirokwazvo | mapfeka |

### Nzwisiso

1. Chipo
2. tenga
3. amai
4. bhucha
5. hove
6. Madiro
7. musika

### Panotengwa zvinhu

1. bhucha
2. musika
3. bhawa
4. famasi

### Kudya kwepasichigare

1. upfu
2. mashamba
3. chibage
4. nyama
5. nyemba

Chikamu

# 22 Nyika yedu inoyevedza

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a. vave noruzivo rwakadzama pamusoro pezvekushanya.
b. vazive nzvimbo dzokushanyira muno munyika.
c. vashanyire nzvimbo dzinoyevedza munyika medu, vadzidzisi varonge chirongwa chokushanyira nzvimbo dzinoyevedza muno munyika.
d. vaverenge nekunyora mitinhimira **‘nw’, ‘mw’,** na **‘nj’** uye kuverenga mazwi ane mitinhimira iyi.
e. vaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi.
f. kunyora zviperego zvemazwi ane mitinhimira **‘nw’ ‘mw’** na **‘nj’**.
g. vapindure mibvunzo yenzwisiso.

## Zvombo

Mifananidzo ine nzvimbo dzokushanyira muZimbabwe, chati, makadhi ane mazwi, mavhidhiyo ane mifananidzo ine nzvimbo dzokushanyira, makirayoni, mapenzura.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 80-82.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

a. Mudzidzisi ngaatange nekubvunza vadzidzi nzvimbo dzekushanya.
b. Vadzidzi ngavadome nzvimbo dzokushanya dzavanoziva.
c. Kutaurirana zvakakoshera nzvimbo dzokushanya dziri munyika medu.

### 2 Kuverenga

a. Kudoma nzvimbo dzokushanya dziri pamifananidzo iri pachati.
b. Kuverenga nyaudzirwa **‘nwa’ ‘mwa’** na **‘nja’** kusvika kuna **‘nwu’ ‘mwu’** na **‘nju’**.

- **c** Kuverenga mazwi ane mutinhimira **'nw' 'mw'** na **'nj'** ari pamakadhi, pachidziro kana mubhuku revadzidzi.
- **d** Kuverenga ndima iri mubhuku revadzidzi **papeji 81**.
- **e** Kuverenga zvirevo zvine mazwi ane mitinhimira **'nw' 'mw'** na **'nj'**.

**3** **Kunyora**

- **a** Vadzidzi ngavadzidze kunyora nyaudzirwa **'nwa' 'mwa'** na **'nja'** kusvika kuna nwu' **'mwu'** na **'nju'**.
- **b** Dzidzisai vadzidzi kunyora mazwi ane mitinhimira **'nw' 'mw'** na **'nj'**.
- **c** Kupindura mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.
- **d** Kuumba mazwi nemitinhimira **'nw' 'mw'** na **'nj'**.
- **e** Vadzidzi ngavape mazwi akafanana neakapiwa.

## Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi

### Nzwisiso

1. Zimbabwe.
2. mhuka, mapopoma nazvimwe zvinoyevedza.
3. nezvinhu zvakawanda zvinoyevedza.
4. vagari vemuno.
5. vanobva kune dzimwe nyika, vamwe vagari vemuno.
6. nematombo.
7. imhuka.
8. Masvingo eZimbabwe.

## Mazwi anoreva zvakafanana

1. hwahwa
2. visi
3. bhazi
4. rupasa
5. demo

# Chikamu 23 Dzokororo yechina

1 - 4: Vana ngavarave mazwi ari mubhuku romudzidzi peji 83.

5 maziso
6 makumbo
7 mhino
8 muromo
9 maoko
12 manomwe
13 Muvhuro
14 Svondo, Muvhuro, Chipiri, Chitatu, China, Chishanu, Mugovera

## Zviri pamifananidzo

16 njiva
bhasikoro
uswa
pfumo

## Nzwisiso

17 Vana vanovaka mazwi nemitinhimira yakapiwa
18 tsime
19 chivharo
20 yakachena
21 kushandisa
22 weutsanana

## Mazwi akafanana

23 hembe
24 kushamba
25 hombe
26 bhizautare

## Panofambira zvifambiso zvinotevera

27 mumvura
28 mudenga
29 mumugwagwa

## Zvinongedzo

30 iro
31 umu
32 ava
33 uyu
36 mangwanani
37 masikati
38 usiku
39 manheru
41 kutamba
42 kutsvaira
43 kutyaira
44 kutamba
45 kukwira

Chikamu

# 24 Njodzi

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

- **a** vave neruzivo rwakadzika pamusoro penjodzi dzakasiyana-siyana dzavanogona kusangana nadzo muupenyu.
- **b** vagone kutsanangura zvinokozera njodzi dzakasiyana-siyana.
- **c** vagone kudoma nokutsanangura nzira dzatingadzivirira nadzo njodzi dzakasiyana-siyana.
- **d** vaverenge nekunyora mitinhimira **'tw', 'ny'** uye kuverenga mazwi ane mitinhimira iyi.
- **e** vaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi.
- **f** kunyora zviperengo zvemazwi ane mitinhimira **'ny' 'tw'**.
- **g** vapindure mibvunzo yenzwisiso.

## Zvombo

Mifananidzo inoratidza tsaona dzakasiyana-siyana, makadhi emazwi, chidziro, chati, michina yamazuva ano ye*ICT.*

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 89-92.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

- **a** Kudoma njodzi dzakasiyana-siyana dzatinogona kusangana nadzo.
- **b** Kutsanangura nzira dzakasiyana-siyana dzatinogona kuderedza njodzi nadzo.
- **c** Kutsanangura nzira dzokununura nadzo vanhu vanenge vawirwa netsaona.

### 2 Kuverenga

- **a** Kudoma njodzi dzavari kuona pamifananidzo iri mubhuku romudzidzi.
- **b** Nyorai makadhi ane nyaudzirwa **'twa', 'nya'** kusvika **'twu', 'nyu'**, vadzidzi ngavaverenge nyaudzirwa idzi.

- **c** Vadzidzi ngavaverenge mazwi pachidziro, pamakadhi uye mubhuku romudzidzi ane mitinhimira **'tw', 'ny'**.
- **d** Vadzidzi ngavaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi **papeji 91**.

**3 Kunyora**

- **a** Kunyora nyaudzirwa **'twa', 'nya'** kusvika kuna **'twu', 'nyu'** uye mazwi ane mumitinhimira **'tw', 'ny'**.
- **b** Kuumba mazwi vachishandisa mitinhimira **'tw', 'ny'** nokuanyora.
- **c** Mudzidzisi ngaadaidzire zviperengo vadzidzi vachinyora.
- **d** Kunyora zvirevo uchishandisa mazwi ane mitinhimira **'tw', 'ny'**.
- **e** Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.
- **f** Kunyora zvirevo zviri mubhuku revadzidzi vachiisa zvimiso zvakakodzera.

**4 Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi.**

**Mazita emifananidzo**

nyoka
nyanga
nzungu
nyundo

## Mhuka nevana vadzo

1. hukwana/nhiyo
2. mhuru
3. mbudzana
4. hwayana/shere

## Nzwisiso

1. chengetwa
2. kuchengeta
3. yachengetwa
4. shoma
5. zvitupa zvokutyaira

## Zvimiso

1. Ndine makore masere.
2. Tinoenda kuchikoro netsoka.
3. Mumba medu tiri vatanhatu.
4. Shiri inokandira mazai mudendere.
5. Tinobika nemugoti.

Chikamu

# 25 Mamiriro ekunze

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a vagone kudoma mamiriro ekunze akasiyana-siyana.
b vatsanangure zvipfeko zvinopfekwa pamamiriro ekunze akasiyana-siyana.
c vadome mamiriro ekune pamifananidzo yakapiwa mubhuku remudzidzi papeji 93.
d vanyore nyaudzirwa **'n'a', 'mva'** kusvika kuna **'n'u', 'mvu'** uye mazwi ane mitinhimira **'mv', 'n'**.
e vaumbe mazwi vachishandisa mitinhimira **'mv', 'n'**, nokuanyora.
f vanyore zviperengo nemazvo.
g vanyore zvirevo vachishandisa mazwi ane mitinhimira **'mv', 'n'**.
h vaverenge ndima nokupindura mibvunzo yenzwisiso.

## Zvombo

Chati rine mifananidzo yemamiriro ekunze neyezvipfeko zvingapfekwa kune mamiriro ekunze akasiyana-siyana, makadhi amazwi, chidziro, michina yamazuva ano, mapurojekita, neamakombiyuta.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 93-97.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

a Mudzidzisi nevadzidzi vaimbe kambo kanotaura pamusoro pemamiriro ekunze kanoti, "Mushana mushana ndewashe, bvute bvute nderashe."
b Vadzidzi ngavadome mamiriro ekunze akasiyana-siyana.
c Mudzidzisi nevadzidzi ngavataurirane pamusoro pembatya dzingapfekwa pamamiriro ekunze akasiyana-siyana.

d. Vadzidzi ngavataurirane njodzi dzinogona kukonzerwa nemamiriro ekunze akasiyana-siyana.

2. **Kuverenga**

a. Vadzidzi ngavadome mamiriro ekunze avari kuona pamifananidzo yakasiyana-siyana iri pachati, mubhuku remudzidzi.
b. Kuverenga nyaudzirwa **'n'a', 'mva'** kusvika kuna **'n'u'**, 'mvu' pachidziro.
c. Vadzidzi ngavagone kuverenga mazwi ane mitinhimira **n', 'mv',** pachidziro, pamakadhi kana pachati.
d. Vadzidzi ngavaverenge ndima iri mubhuku remudzidzi **papeji 94**.

3. **Kunyora**

a. Kunyora mitinhimira **n'** na **mv**, uye mazwi ane mitinhimira **n'** na **mv**.
b. Kuumba mazwi ane mitinhimira **n'** na **mv**.
c. Kupindura mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku romudzidzi **papeji 95**.
d. Kuzadzisa mibvunzo pamusoro penzvimbo nechinhu.
e. Vadzidzi ngavadzidze kuzadzisa zvirevo nenyaudzosingwi.

4. **Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi**

## Nzwisiso

1. muti
2. mumvuri
3. mvura
4. mvura
5. bvute
6. samburena
7. zukuru
8. chikoro

## Kutaura nekunyora: Chiri pai?

1. pamusoro
2. mubhokisi
3. pasi
4. mudziva

## Nyaudzosingwi

1. zii
2. go
3. ndee
4. ndo
5. dhuu

## Mutauro

1. Ndinokumbirawo ruregerero.
2. Maita henyu.
3. Mamuka sei?
4. Ndiripo zvangu.

Chikamu

# 26 Kuwanana

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a. vave noruzivo rwakadzama pamusoro pezvokuwanana.
b. vazive pamusoro pemitambo yokuwanana.
c. vaite mitambo vachiedzesera mitambo yokuwanana yakadai semichato.
d. vaverenge mitinhimira **'gw'** na **'ty'** uye mazwi ane mitinhimira iyi.
e. kuverenga ndima iri mubhuku revadzidzi.
f. kupindura mibvunzo yenzwisiso.

## Zvombo

Chati rine mamzwi ane mitinhimira **'gw'** na **'ty'**, makadhi ane mazwi, midziyo ye*ICT,* mabhuku evadzidzi, penzura, mabhuku okunyorera.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 98-100.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

1. **Kutaura nokuteerera**
   a. Vadzidzi ngavaimbe dzimwe nziyo dzinoimbwa pamitambo yokuwanana yakadai semichato.
   b. Mudzidzisi ngaatsanangure nzira dzokuwanana dzakasiyana-siyana.
   c. Vadzidzi ngavaedzesere mitambo yokuwanana.
   d. Ratidzai vadzidzi mavhidhiyo emitambo yokuwanana.
2. **Kuverenga**
   a. Vadzidzi ngavataurirane pamusoro pezvavari kuona pamifananidzo yokuwanana.
   b. Kuverenga mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'gw'** na **'ty'** ari pachidziro, pamakadhi, kana kubhuku remudzidzi.
   c. Kuverenga ndima iri mubhuku revadzidzi **papeji 99**.

## 3 Kunyora

- a Kunyora mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'gw'** na **'ty'**.
- b Kunyora zviperengo zvamazwi ane mitinhimira **'gw'** na **'ty'**.
- c Vadzidzi ngavaumbe mazwi ane mitinhimira **'gw'** na **'ty'**.
- d Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku remudzidzi.

## 4 Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku remudzidzi

### Nzwisiso

1. Chido
2. Mukwetu
3. kufara chose
4. nyama yehuku/nyama yemombe
5. Dhawu
6. zvinodadisa.

### Mazwi akafanana

1. nzira
2. dutavanhu
3. mbongoro
4. bhasikoro
5. chiwepu

Chikamu

# 27 Zvipfeko zvinokosha

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a. kudoma zvipfeko zvakasiyana-siyana zviri pamifananidzo iri mubhuku remudzidzi.
b. kutsanangura zvakakoshera mbatya.
c. kudoma mbatya dzakafanira pamamiriro ekunze akasiyana-siyana.
d. vagone kuverenga mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'kw'** na **'bv'**
e. vashandise mazwi ane mitinhimra **'kw',** na **'bv'**.
f. vaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi.
g. vapindure mibvunzo ine mitinhimira **'kw'** na **'bv'**.

## Zvombo

Mifananidzo yezvipfeko, michina yamazuva ano, makadhi ana mazwi, chidziro, mabhuku okunyorera, bhuku romudzidzi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 101-104.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

1. **Kutaura nokuteerera**

   a. Vadzidzi vadome zvipfeko zvavanoziva.
   b. Vadzidzi ngavadome zvipfeko zviri mubhuku remudzidzi **papeji 102**.
   c. Sekirasi tauriranayi zvakakoshera zvipfeko zvakasiyana-siyana.
   d. Kutsanangura mbatya dzakafanira kupfekwa pamamiriro ekunze akasiyana-siyana; sokuti: Tinopfeka renikoti kana kuchinaya.

2. **Kuverenga**

   a. Vadzidzi ngavadome mbatya dziri pamifananidzo iri mubhuku romudzidzi.
   b. Vadzidzi ngavataurirane kuti mbatya idzo tinodzipfeka kana zvaita sei.

c Kuverenga mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'kw'** na **'bv'** ari pachidziro, pamakadhi, kana mubhuku remudzidzi.

d Ngavaverenge ndima iri mubhuku remudzidzi **papeji 103**.

3 **Kunyora**

a Kunyora mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'kw'** na **'bv'**.

b Kunyora zviperengo zvamazwi ane mitinhimira **'kw'** na **'bv'**.

c Vadzidzi ngavaumbe mazwi ane mitinhimira **'kw'** na **'bv'**.

d Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku remudzidzi.

4 **Mhinduro dzinotarisirwa**

## Nzwisiso

1. muvaki
2. mashanu
3. matema
4. vaviri
5. dzokuzvidzivirira
6. mbatya dzokuzvidzivirira
7. kudzivirira hembe

## Nanganisa mbatya nenhengo yomuviri

Ngowani → mumusoro
Gambutsu → kutsoka
Masokisi → kutsoka
Magirovhosi → mumaoko
Magirazi → kumeso

# Chikamu 28 Upfumi

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

- a. vave noruzivo rwakadzika pamusoro pezveupfumi.
- b. vadome mhando dzeupfumi dzavanoziva, sokuti; VaMoyo mupfumi. Vane mombe, hwai, nguruve nemari zhinji.
- c. vagone kuverenga mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'bh'** na **'ng'**.
- d. vashandise mazwi ane mitinhimra **'bh',** na **'ng'**.
- e. vadzidzi ngavaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi.
- f. vadzidzi ngavapindure mibvunzo ine mitinhimira **'bh'** na **'ng'**.

## Zvombo

Mifananidzo yezvipfeko, michina yamazuva ano, makadhi ana mazwi, chidziro, mabhuku okunyorera, bhuku romudzidzi.

### Dura

- Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 105-108.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

### Maitiro

1. **Kutaura nokuteerera**
   - a. Kudoma mhando dzeupfumi dzavanoziva.
   - b. Kutsanangura nzira dzavanogona kuchengeta nadzo upfumi.
   - c. Kudoma mhando dzoupfumi dziri pamifananidzo vachishandisa michina yamazuva ano.
2. **Kuverenga**
   - a. Kudoma zvinhu zvavari kuona pamifananizo mubhuku revadzidzi.
   - b. Kuverenga mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'bh'** na **'ng'** ari pachidziro, pamakadhi, kana mubhuku remudzidzi.
   - c. Ngavaverenge ndima iri mubhuku remudzidzi **papeji 106**.

## 3 Kunyora

- a Kunyora mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'bh'** na **'ng'**.
- b Kunyora zviperengo zvamazwi ane mitinhimira **'bh'** na **'ng'**.
- c Vadzidzi ngavaumbe mazwi ane mitinhimira **'bh'** na **'ng'**.
- d Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku remudzidzi.

## 4 Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku remudzidzi

### Nzwisiso

1. mifananidzo
2. mabhuku
3. inonaka
4. mubhanga
5. mari
6. tonhora
7. dhonza ngoro

### Zadzisa nezwi rakanaka

1. mubhanga
2. nebheura
3. bhachi/juzi
4. huni
5. mombe

### Zvimiso

1. Taurai mukomana murefu.
2. Vakauya nenzungu kubva kumusha.
3. Takapiwa mibairo yedu nomukuru wechikoro.
4. Bhazi rechikoro chedu rakanaka.
5. Tinorima negejo.
6. Tinocheka nebanga.

### Mwaka yegore nezvinoitika

1. Zhizha - mvura inonaya
2. Chirimo - kunopisa
3. Chando - kunotonhora
4. Matsutso - tinokohwa

### Kudya kwepasichigare

1. Vana vanodoma kudya kwakasiyana-siyana.
2. Sadza rezviyo nemadora nemuriwo sadza nemuriwo mufarinya

   Mufarinya

   Derere

Chikamu
29
# Mhuka dzemusango

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a vave noruzivo rwakadzika pamusoro pemhuka dzomusango, padzinogara uye vana vadzo.
b vazive kukosha kwemhuka dzomusango.
c vagone kuverenga mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'mh'** na **'vh'**.
d vashandise mazwi ane mitinhimra **'vh'** na **'mh'**.
e vadzidzi ngavaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi.
f vadzidzi ngavapindure mibvunzo ine mitinhimira **'vh'** na **'mh'**.

## Zvombo

Mifananidzo wemhuka dzomusango, michina yemazuva ano, makadhi ane mazwi, chidziro, mabhuku okunyorera, bhuku romudzidzi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 109-113.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

1 **Kutaura nokuteerera**

a Mudzidzisi ngaape vadzidzi mukana wokudoma mhuka dzomusango dzavanoziva.
b Vadzidzi ngavateedzere machemero wemhuka dzomusango.
c Ratidzai vadzidzi mifananidzo yemhuka dzomusango pavhivhitivhiti, pamapurojekita, pachati rine mifananidzo yemhuka, kana mubhuku remudzidzi.
d Tauriranai sekirasi panogara mhuka uye vana vemhuka dzomusango.

2 **Kuverenga**

a Vadzidzi ngavadome mhuka dziri pamifananidzo iri mubhuku remudzidzi.
b Kuverenga mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'vh'** na **'mh'** ari pachidziro, pamakadhi, kana kubhuku remudzidzi.
c Ngavaverenge ndima iri mubhuku remudzidzi **papeji 111**.

3 **Kunyora**

- a Kunyora mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'vh'** na **'mh'**.
- b Kunyora zviperengo zvamazwi ane mitinhimira **'vh'** na **'mh'**.
- c Vadzidzi ngavaumbe mazwi ane mitinhimira **'vh'** na **'mh'**.
- d Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku remudzidzi.

4 **Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku revadzidzi.**

## Mazita emifananidzo

| | | |
|---|---|---|
| shiri | nzou | shumba |
| furiramudenga | tsuro | |

## Nzwisiso

1. VaGota
2. vhima
3. vhima
4. uta
5. tsuro nemhene
6. kumba

## Zvirevamwene

1. yake
2. ravo
3. zvavo
4. chake
5. ake

## Zambiringa munyemba

1. huku
2. tsuro
3. mota
4. mufudze
5. purazi

## Michero yemuZimbabwe

1. Vana vanotaurirana nezvemichero inowanikwa munharaunda mavo.
2. Hute, matohwe, mazhanje
3. Hute - pane mvura

   Matohwe - musango

   Mazhanje - musango

Chikamu

# 30 Kufambisa mashoko

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

- a vazive nzira dzakasiyana-siyana dzokufambia mashoko nadzo.
- b vadoma michina yokufambisa mashoko nayo.
- c vagone kuverenga mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'sh'** na **'dz'**.
- d vashandise mazwi ane mitinhimra **'sh'** na **'dz'**.
- e vadzidzi ngavaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi.
- f vadzidzi ngavapindure mibvunzo ine mitinhimira **'sh'** na **'dz'**.

## Zvombo

Mifananidzo yemichina yamazuva ano, makadhi ane mazwi, chidziro, mabhuku okunyorera, bhuku romudzidzi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 114-118.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

- a Vadzidzi ngavadome nzira dzokufambisa mashoko nadzo dzepasichigare nedzechizvinozvino.
- b Ngavaite mitambo vachiedzesera nzira dzokufambisa mashoko nadzo.
- c Vatsanangure zvakakoshera nzira dzokufambisa mashoko nadzo dzechizvinozvino.

### 2 Kuverenga

- a Vadzidzi ngavadome midziyo nezvinhu zviri pamifananidzo iri mubhuku remudzidzi.
- b Kuverenga mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'sh'** na **'dz'** ari pachidziro, pamakadhi, kana mubhuku remudzidzi.
- c Ngavaverenge ndima iri mubhuku remudzidzi **papeji 116**.

3. **Kunyora**

   a. Kunyora mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'sh'** na **'dz'**.
   b. Kunyora zviperengo zvamazwi ane mitinhimira **'sh'** na **'dz'**.
   c. Vadzidzi ngavaumbe mazwi ane mitinhimira **'sh'** na **'dz'**.
   d. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku remudzidzi.

4. **Mhinduro dzinotarisirwa dzemibvunzo iri mubhuku remudzidzi.**

   dzimudzangara
   chivhitivhiti
   nhare
   bepanhau
   nharembozha
   kombiyuta

## Nzwisiso

1. nharembozha
2. nenharembozha
3. nevatengi uye kwavanohodha.
4. nyore
5. netsamba

## Zadzisa

1. dhamhu/murwizi
2. bhucha/siraha
3. mutsime/mugodhi
4. pamusika
5. mufamasi

## Tsika dzakanaka

1. Makorokoto
2. Nematambudziko
3. Ruregerero
4. Ndikubatsirei

## Mazwi angabuda patsoro

| | | | |
|---|---|---|---|
| taurai | tuka | imba | ura |
| timba | mbuva | ambuya | |
| baba | ruva | aka | |

## Nzira dzekufambisa mashoko pasichigare

| | | | |
|---|---|---|---|
| ngoma | hwamanda | nhume | moto |

Chikamu

# 31 Purazi raVaChindori

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

a. vave noruziva pamusoro pezvinoitwa papurazi.
b. vaedzesere upenyu hwepapurazi pamitambo.
c. vagone kuverenga mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira **'kw'** na **'zv'**.
d. vashandise mazwi ane mitinhimra **'kw'** na **'zv'**.
e. vaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi.
f. vapindure mibvunzo ine mitinhimira **'kw'** na **'zv'**.

## Zvombo

Chati rine mifananidzo yevanhu vari kuita mabasa epapurazi, makadhi, chidziro, bhuku romudzidzi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 119-121.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

a. Vadzidzi ngavatsanangure mabasa anoitwa papurazi.
b. Kutaurirana kukosha kwemabasa epapurazi.
c. Kuita mitambo vachiedzesera mabasa anoitwa papurazi.
d. Kutaurirana midziyo inoshandiswa papurazi.

### 2 Kuverenga

a. Kudoma mifananidzo yemidziyo inoshandisa papurazi.
b. Kuratidza vadzidzi nyaudzirwa **'kwa'** na **'zva'** kusvika kuna **'kwu'** na **'zvu'**, vaverenge.

c. Vadzidzi ngavaverenge mazwi ane mitinhimira **'zv'** na **'kw'** ari pachidziro, pachati, pakadhi kana mubhuku romudzidzi.
d. Vadzidzi ngavaverege ndima iri mubhuku ravo.

3. **Kunyora**

a. Vadzidzi ngavanyore mitinhimira **'zv'** na **'kw'**.
b. Vadzidzi vaumbe mazwi ane mitinhimira **'kw'** na **'zv'**.
c. Daidzirai mazwi kuvadzidzi vanyore zviperengo zvakanaka.
d. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo nzwisiso.
e. Kuzadzisa zvirevo neinzwi rakakodzera pane akapiwa.

4. **Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku remudzidzi**

## Zvatinowana kubva muzvipfuyo

1. Mombe dzinotipa nyama, mukaka, matehwe, hwamanda manyowa.
2. Huku dzinotipa mazai, nyama, manyowa.
3. Nguruve dzinotipa nyama, manyowa.
4. Hwai dzinotipa nyama, machira.

## Nzwisiso

1. fodya, bhinzi nechibage
2. dzokutengesa
3. mombe, nguruve nehuku
4. Sari
5. pedyo neguta reMarondera
6. VaVhusi

## Zadzisa zvirevo

1. chinotamba
2. murefu
3. rine
4. vane
5. rakatakura

## Vaka mazwi

Vadzidzi vanonyora mazwi akasiyana-siyana 1-13.

Chikamu

# 32 Dhamu reKariba

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi vagone:

a. kuziva nzvimbo dzatinowana mvura dzakadai sematsime, nzizi, madhamu, mabhohoro.
b. kutsanangura mabasa emvura kana kuti zvakakoshera mvura muupenyu hwedu.
c. kuverenga ndima iri mubhuku romudzidzi.
d. kuumba mazwi ane mitinhimira yechikamu chino.
e. kunyora nekuverenga mazwi ane mitinhimira yechikamu chino.
f. kushandisa mazwi muzvirevo zvizere.

## Zvombo

Mifananidzo yepatinowana mvura, michina yamazuva ano, makadhi emazwi, chidziro.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 122-125.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

a. Vadzidzi ngavadome nzvimbo dzavanowana mvura munharaunda mavo.
b. Tauriranai mabasa emvura uye kukosha kwemvura muupenyu hwevanhu.
c. Vadzidzi ngavaedzesere mitambo inobudisa zvatinoshandisa mvura.

### 2 Kuverenga

a. Kudoma mifananidzo yemidziyo inoshandisa papurazi.
b. Kuratidza vadzidzi nyaudzirwa **gwa**, **bha** na **mba** kusvika kuna **gwu**, **bhu** na **mba**, vaverenge.
c. Vadzidzi ngavaverenge mazwi ane mitinhimra **'gwa' 'mba'** na **'bha'** ari pachidziro, pachati, pakadhi kana mubhuku romudzidzi.
d. Vadzidzi ngavaverenge ndima iri mubhuku ravo.

3 **Kunyora**

a Vadzidzi ngavanyore mitinhimira **'gw' 'mb'** na **'bh'**.
b Vadzidzi vaumbe mazwi ane mitinhimira **'gw' 'mb'** na **'bh'**.
c Daidzirai mazwi kuvadzidzi vanyore zviperengo zvakanaka.
d Vadzidzi ngavapindure mibvunzo nzwisiso.
e Kuzadzisa zvirevo neinzwi rakakodzera pane akapiwa.

4 **Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku remudzidzi.**

## Nzwisiso

1 kutamba
2 bhamba
3 remakumbo
4 makumbo
5 rakakura

## Mitambo yepasichigare

1 Nhodo
2 Chihwandehwande
3 Mahumbwe

## Nzwisiso 2

1 rakakura
2 chikepe
3 rinokwezva
4 Zambia

## Mazwi akafanana

1 verenga
2 visi
3 ngarava/chigwa
4 mabura
5 bhizautare

Chikamu

# 33 Makundano okumhanya pachikoro

## Zvinangwa zvechikamu

### Zvinotarisirwa pakupera kwechikamu chino kuti vadzidzi:

- a vataurirane pamusoro pemitambo inoitwa pachikoro pavo.
- b vatsanangure mitambo yavanoziva.
- c vadome midziyo inoshandiswa pamitambo yakasiyana-siyana.
- d vaverenge mitinhimira uye mazwi ane mitinhimira yechikamu chino.
- e vaumbe nokunyora mazwi ane mitinhimira yechikamu chino.
- f vaverenge ndima iri mubhuku romudzidzi.
- g vapindure mibvunzo yenzwisiso.
- h vashandise mazwi muzvirevo zvizere.

## Zvombo

Mifananidzo yevanhu vachitamba mitambo yakasiyana-siyana, bhuku romudzidzi, makadhi emazwi, midziyo yemakombiyuta, mapurojekita.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reKutanga peji 126-130.
- Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) revana (Infant) 2024-2030.

## Maitiro

### 1 Kutaura nokuteerera

- a Mudzidzisi ngaabvunze vadzidzi pamusoro pemitambo yavanofarira pachikoro.
- b Vadzidzi ngavatsanangure matambirwe emitambo yavanofarira.
- c Tauriranai nevadzidzi midziyo inoshandiswa pamitambo yakasiyana-siyana yakaita sebhora, tambo nezvimwe zvakadaro.

2 **Kuverenga**

a Kudoma mifananidzo yemidziyo inoshandisa papurazi.
b Vadzidzi ngavaverenge mazwi ane mitinhimira yavakaita pachidziro, pachati, pakadhi kana mubhuku romudzidzi.
c Vadzidzi ngavaverege ndima iri mubhuku ravo.
d Vadzidzi ngavaverenge zvirevo zviri pachati.

3 **Kunyora**

a Vadzidzi ngavanyore mitinhimira yavakaita.
b Vadzidzi vaumbe mazwi ane mitinhimira yavakaita kubva pachikamu chokutanga.
c Kudaidzira mazwi kuvadzidzi vanyore zviperengo zvakanaka.
d Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso.
e Kuzadzisa zvirevo neinzwi rakakodzera pane akapiwa.

4 **Mhinduro dzinotarisirwa pamibvunzo iri mubhuku remudzidzi**

## Nzwisiso

1 wekumhanya
2 zvitanhatu
3 namabhazi
4 Tino
5 chikoro

## Mazwi anopesana

1 mupfupi
2 mukobvu
3 sekuru
4 nyarara
5 vashoma

## Zadzisa

1 zii
2 ndoo
3 pii/rakata
4 pangu pangu

Chikamu

# 34 Dzokororo yechishanu

## Zviperengo

1 - 5: Vana ngavanyore zviperengo gumi zvine mitinhimira yakapiwa **papeji 131** bhuku romudzidzi.

6 mvuu datya
7 motokari
8 gambutsu
9 gwai
10 bveni

11 - 23: Mudzidzi wega wega ngaaverengere mudzidzisi mazwi ari mubhuku romudzidzi.

24 kupisa
25 samburena
26 mhepo
27 mapepa
28 kunaya
29 renikoti

## Mazwi akafanana

30 bura
31 sanhu
32 bundo

## Mazita

33 mhuru
34 mbudzana
35 gwayana/hwayana

## Zvimiso

36 Mombe inogara mudanga.
37 Ndinofarira kutamba pada.
38 Farisai musikana murefu.

## Zadzisa

39 murefu
40 ava

## Nzwisiso

41 bhazi
42 VaMagwenzi
43 mumugwagwa
44 Mbira, ngoma, hwamanda
45 Mbira inoridzwa nezvigunwe.
46 Hwamanda inoridzwa nemuromo.
47 Ngoma ino ridzwa nemaoko.